**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI' JOQARI' HA`M WORTA ARNAWLI' BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

*Qoljazba huqi'qi'nda*

*UDK: =943.11.313*

**DAULETMURATOVA MIRAS SALAWATOVNA**

**Qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' tariyxi'y-lingvistikali'q analizi**

**5A120102-– «Lingvistika» (qaraqalpaq tili)**

# Magistr akademiyali'q da'rejesin ali'w ushi'n usi'ni'lg'an dissertaciya

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Magistratura bo'limi basli'g'i': ____________ yu.i.k. A.Gulimov

«_____» ______________ 2014- j.

Kafedra basli'g`i': prof. M.Qudaybergenov

___________________

Ilimiy basshi': doc.Q.Paxratdinov ___________

**No`kis – 2014-ji'l**

**Mazmuni’**

**Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’**………………………………………… 3

**Kirisiw**……………………………………………………………………….10

**I bap. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ tariyxi’y-etnografiyali’q wo’zgeshelikleri** ………………………………………………………17

**II bap. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ variantlari’**………………….44

1. Antroponimikali’q variantlar haqqi’nda tu’sinik…………………………44

2. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ qi’sqarg’an variantlari’………………..47

3. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ imla variantlari’ ………………………56

**III bap. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ grammatikali’q quri’li’si’**…59

1. Dara tu’rindegi yer adam atlari’……………………………………………..60

2. Qospa so’z tu’rindegi yer adam atlari’……………………………………64

3. Qaraqalpaq yer adam atlari’nda qollani’latug’i’n antroponimikali’q komponentler ……………………………………………………………66

**Juwmaq**……………………………………………………………………..68

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**………………………………………………73

## Jumi’sti’n’ uli’wma si’patlamasi’

**Temani’n’ aktualli’g’i’.** Adam atlari’, birinshi gezekte, adamni’n’ ja’miyettegi worni’n aji’rati’p ko’rsetiw ushi’n qoyi’ladi’. Bul tuwrali’ V.A.Nikonov: «Adam atlari’ ja’miyette ha’m ja’miyet ushi’n wog’ada za’ru’r. Wolardi’ ja’miyette itibarsi’z qaldi’ri’wg’a bolmaydi’. Sonli’qtan adam atlari’na degen ma’pdarli’qti’n’ ku’shli yekenligi tu’sinikli»,[1] dep ko’rsetedi. Antroponimler basqa so’zler si’yaqli’ tildin’ zan’li’li’qlari’na bag’i’nadi’, sonli’qtan wolar til sistemasi’ni’n’ tiykarg’i’ bir bo’legin quraydi’ ha’m etnografiya, tariyx, sociologiya ha’m huqi’q tani’w menen birgelikte u’yreniledi.

Haqi’yqati’nda da, adam atlari’n izertlew arqali’ xali’qti’n’ til tariyxi’n, u’rp-a’det da’stu’rlerin, socialli’q jag’daylari’n ha’m tag’i’ basqa si’rlari’n ashi’wg’a boladi’. Ha’zirgi qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’nda arab-parsi’, tu’rkiy ha’m mong’ol tillerine wortaq elementler, rus tili arqali’ kelip kirgen elementler ushi’rasadi’. Soni’n’ menen birge qaraqalpaq adam atlari’ grammatikali’q quri’li’si’ ha’m semantikali’q wo’zgeshelikleri jag’i’nan da ha’r ta’repleme u’yreniwdi talap yetedi. Ja’miyettin’ wo’zgerip rawajlani’wi’ menen bir qatarda ilim ha’m ma’deniyat, solar menen adam atlari’ da ha’r ja’miyetke say jan’a ismler menen toli’si’p baradi’, al wolardi’n’ geyparalari’ go’nerip umi’t boli’p, qollani’wdan shi’g’i’p qaladi’. Adam atlari’ arqali’ tariyx betlerinin’ si’rlari’ ashi’ladi’, boli’p wo’tken tariyxi’y waqi’yalardag’i’ is-ha’reketlerdin’ kimler ta’repinen islengenligi ko’rinedi, adamlardi’n’ ja’miyettegi worni’ ani’qlanadi’. Sonli’qtan

---

[1] *Никонов В.А.* Методы антропонимики. //Личные имена в прошлом, настоящем, будущем. М., 1970, 33-бет.

qaraqalpaq til biliminde arnawli’ tu’rde izertlenilmey kiyati’rg’an a’hmiyetli tarawlardi’n’ biri qaraqalpaq antroponimikasi’n izertlew boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq adam atlari’ ha’m laqaplardi’n’ tillik wo’zgesheliklerin birinshi ret monografiyali’q jaqtan izertlengen. Wo.Sayi’mbetov ha’m Yu.Xojalepesovalar qaraqalpaq adam atlari’ sistemasi’n ilimiy bag’darda u’yreniw jumi’si’n baslap berdi ha’m qaraqalpaq antroponimikasi’na tiykar saldi’. Degen menen, qaraqalpaq antroponimiyasi’ni’n’ bir qatar a’hmiyetli ma’nisleri yele ha’r izertlenilmegen. A’sirese, qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ani’qlaw aktual temalar qatari’na kiredi. Ma’selen, qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ bir qatar lingvistikali’q ha’m lingvistikali’q yemes wo’zgeshelikleri yele toli’q u’yrenilgen joq. Sonday-aq, yer adam atlari’ni’n’ semantikasi’ ha’m woni’ analizlew principleri, variantlari’ si’yaqli’ ma’seleler ha’r ta’repleme analizlewge mu’ta’j.

Ha’zirgi qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ leksikali’q sistemasi’n uli’wma ta’rizde si’patlaw basqi’shi’ basi’p wo’tildi dep ayti’wg’a boladi’. Sonli’qtan, keleshekte adam atlari’ sistemasi’ndag’i’ ayi’ri’m ishki ni’zamli’qlardi’ teren’irek u’yreniw za’ru’rligi tuwi’lmaqta. Mine, usi’nday ma’selelerden biri- qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ lingvistikali’q ha’m lingvistikali’q yemes faktorlari’, qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ variantli’li’g’i’ qubi’li’si’, yer adam atlari’ni’n’ grammatikali’q quri’li’si’ ha’m t.b. ma’selelerdin’ izertleniwi, wo’z na’wbetinde, qaraqalpaq antroponimiyasi’ sistemasi’ni’n’ a’debiy normag’a qatnasi’n belgileydi, yer adam atlari’ni’n’ tan’lap ali’ni’wi’ ha’m jazi’li’wi’n a’debiy normalarg’a sali’w mu’mkinshiliklerin ani’qlaydi’. Bul ayti’lg’anlar dissertaciya temasi’ni’n’ aktualli’g’i’n tasti’yi’qlay aladi’.

**Izertleniw obekti ha’m predmeti.** Bul jumi’sti’n’ izertlew obektin ha’zirgi qaraqalpaq antroponimiyasi’ sistemasi’ndag’i’ yer adam atlari’ni’n’ qoyi’li’w sebepleri, variantlari’, quri’li’si’ boyi’nsha tu’rleri quraydi’. Jumi’sta

qaraqalpaq adam atlari’ boyi’nsha ha’zirge deyin ja’riyalang’an jumi’slardag’i’ faktlik materiallardan paydalani’ldi’.

**Izertlewdin’ maqset ha’m wazi’ypalari’.** Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ maqseti qaraqalpaq antroponimiyasi’ sistemasi’ndag’i’ yer adam atlari’n ha’r ta’repleme izertlew, wondag’i’ lingvistikali’q ha’m ekstralingvistikali’q ni’zamli’qlardi’ belgilew. Usi’ maqseti a’melge asi’ri’w ushi’n dissertaciyani’n’ aldi’na to’mendegi wazi’ypalar qoyi’ldi’:

- yer adam atlari’ndag’i’ variantlardi’ ju’zege shi’g’ari’wshi’ lingvistikali’q tiykarlar ha’m sebeplerdi u’yreniw;
- yer adam atlari’ndag’i’ variantlardi’ ju’zege shi’g’ari’wshi’ lingvistikali’q tiykarlar ha’m sebeplerdi u’yreniw;
- yer adam atlari’ndag’i’ variantlardi’n’ payda boli’w jollari’n belgilew;
- yer adam atlari’ni’n’ grammatikali’q quri’li’si’n ani’qlaw;
- yer adam atlari’na tariyxi’y lingvistikali’q si’patlama beriw.

**Tema boyi’nsha a’debiyatlarg’a qi’sqasha analiz.** N.A.Baskakov birinshilerden boli’p, qaraqalpaq toponimikasi’ ha’m onomastikasi’n izertlewdin’ wog’ada za’ru’r yekenligin atap ko’rsetti. Wol wo’zinin’ «Karakalpakskiy yazi’k» atli’ miynetinin’ birinshi tomi’nda qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ dizimin bergen.

Bul qaraqalpaq antroponimiyasi’ boyi’nsha ayti’lg’an da’slepki ilimiy pikirler ha’m ji’ynalg’an materiallar yedi. N.A.Baskakov maqalasi’nda *gu’l* komponentinin’ qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ atlari’ni’n’ qurami’nda u’sh tu’rli variantta qollani’latug’i’nli’g’i’n ha’m semantikali’q jaqtan jasali’w jollari’n ashi’p ko’rsetti.[2]

---

[2] *Баскаков Н.А.* Элемент «гүл» роза, светок в составе каракалпакских женских имен. //Ономастика Средней Азии, М., 1978, 138-142-бетлер

Tariyxshi' ha'm etnograf L.S.Tolstova wo'zinin' maqalasi'nda[3] qaraqalpaq antroponimlerine qi'sqasha sholi'w jasap, geografiyali'q atamalarg'a baylani'sli' (*Shi'mbay, Moynaqbay, To'rtku'lbay, No'kisbay, Da'ryabay, Ten'izbay* ha'm t.b.), uri'w, millet atamalari'na baylani'sli' (*Qi'yatbay, Qi'pshaqbay, Man'g'i'tbay, Tu'rkmenbay, Qazaqbay* ha'm t.b ) qoyi'lg'an adam atlari'ni'n' jasali'w jollari'n lingvistikali'q ha'm tariyxi'y etnografiyali'q materiallar tiykari'nda da'lillengen. Wol wo'zinin' basqa bir maqalasi'nda a'yyemgi Shi'g'i's antroponimlerinin' topari'na kiretug'i'n *Samiram* ati'ni'n' qaraqalpaq folklori'nda saqlang'anli'g'i' haqqi'nda da'rek beredi. Ilimpazdi'n' pikirinshe, *Samiram* – bizin' erami'zg'a shekemgi IX a'sirlerde jasag'an Assiriyani'n' yer patshasi' *Shammurat* (yamasa Sammuramat) ati'ni'n' negizgi u'lgisi boli'p, wol a'yyemgi armyan xalqi'na belgili bolg'an *Shamiram* ati' menen de baylani'sli'. Avtor adam atlari' arqali' xali'qlar arasi'nda kiyati'rg'an wo'z-ara tariyxi'y baylani'sti'n' jigin ashi'p, usi' xali'qlar arasi'ndag'i' Samiram haqqi'ndag'i' an'i'zdi'n' uqsasli'g'i'na ayri'qsha di'qqat awdarg'an.[4]

Qaraqalpaq adam atlari'na baylani'sli' bolg'an ayi'ri'm ma'seleler jergilikli ali'mlar ta'repinen de izertlenildi. Ma'selen, D.S.Nasi'rovti'n' L.S.Tolstova menen birgelikte jazi'lg'an maqalasi'nda qaraqalpaq adam atlari' ha'm familiyalari'ni'n' tariyxi', tuwi'sqanli'q terminlerdin' adam atlari'ni'n' qurami'nda qollani'w wo'zgeshelikleri so'z yetilgen. Sonday-aq, bul maqalada qaraqalpaq adam atlari'ni'n' semantikali'q klassifikaciyasi'

---

[3] *Толстова Л.С.* Древневосточные антропонимические ассосиасии в каракалпакском историческом фольклоре. //Ономастика Востока. М., 1980, 67-71-бетлер.

[4] *Толстова Л.С.* Топонимы и этнонимы в антропонимии каракалпаков. //Ономастика Средней Азии, Фрунзе, 1980, 101-105-бетлер.

ha’m wolardi’n’ tariyxi’y rawajlani’w basqi’shlari’ da ken’ ta’rizde ko’rsetilgen.[5]

J.Sha’mshetov qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’nda shi’g’i’si’ arabsha qatlamlardi’n’ qollani’li’wi’, quri’li’si’ boyi’nsha wo’zgeshelikleri ha’m wolardi’n’ fonetikali’q ayi’rmashi’li’qlari’n ko’rsetip bergen.[6] Wo.Yusupov *Alpami’s, Baybo’ri, A’shim* antroponimlerinin’ ha’m *Qon’i’rat* etnoniminin’ etimologiyasi’n ashi’p, bir neshe isenimli da’liller menen tariyxi’y jaqtan si’patlama bergen.[7]

Q.Qoshanov «Rus ha’m qaraqalpaq tillerinin’ wo’z-ara baylani’si’ ma’seleleri» (No’kis, 1991) atli’ miynetinde qaraqalpaq tiline russha adam atlari’ni’n’ kelip kiriw jag’daylari’n ha’m wolardi’n’ qollani’li’w wo’zgesheliklerin ko’rsetken. Sonday-aq, avtor qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ jazi’li’w ma’selelerine de ayri’qsha di’qqat awdarg’an.

Qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ so’zligi birinshi ret Wo.Bekbawlov ta’repinen «Jekke adam atlari’» degen atamada 1973-ji’li’ baspadan shi’qti’. Yekinshi so’zlik Wo.Dospanov, M.Qa’lenderov, Ye.Dospanova, G.Qa’lenderovalar ta’repinen 1994-ji’li’ «Qaraqalpaq isimleri» degen at penen shi’qti’. Bul so’zlikler, tiykari’nan alg’anda, adam atlari’ni’n’ jazi’li’w ha’m ismlerdi tan’law ma’selelerine arnalg’an.

Qaraqalpaq adam atlari’ arnawli’ tu’rde Wo.Sayi’mbetov ta’repinen izertlendi. Wol wo’zinin’ kandidatli’q dissertaciyasi’nda qaraqalpaq adam

---

[5] *Насыров Д.С., Толстова Л.С.* Каракалпаки. //Системы личных имен у народов мира., М., 1986. 152-156-бетлер.

[6] *Шамшетов Ж.* Қарақалпақ тилиндеги араб антропонимлеринен. ӨзССР ИА ҚФ хабаршысы, 1974, №1, 77-82-бетлер.

[7] *Юсупов О.* «Алпамыс» дәстанындағы антропонимлер ҳәм этнонимлер ҳаққында жаңа ой-пикирлер. -ӨзССР ИА ҚФ хабаршысы, Нөкис, 1985, №1, 56-63-бетлер.

atlari'ni'n' payda boli'w tariyxi', shi'g'i'si' boyi'nsha qatlamlari', adam atlari'ni'n' tariyxi'y-etnografiyali'q wo'zgeshelikleri, semantikasi' boyi'nsha tu'rleri, quri'li'si' boyi'nsha tu'rleri ha'r ta'repleme monografiyali'q tu'rde so'z yetilgen.[8]

Uli'wma alg'anda, qaraqalpaq antroponimlerinin' elege shekem izertlenbey kiyati'rg'an ma'seleleri ko'p. Sonli'qtan da, qaraqalpaq adam atlari'n ha'r ta'repleme izertlep, wolardi'n' tariyxi'y shi'g'i'w dereklerin, qurami'n, tariyxi'y-etnografiyali'q ha'm leksika-semantikali'q wo'zgesheliklerin ashi'p ko'rsetiw ha'zirgi qaraqalpaq til bilimindegi a'hmiyetli wazi'ypalardi'n' biri boli'p tabi'ladi'.

**Izertlewdin' metodikasi` ha`m usi`llari`.** İlimiy jumi'si'mi'zda sali'sti'rmali', sali'sti'rmali'-tariyxi'y metodlardan paydalani'ldi'.

**Izertleniw na'tiyjelerinin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Bul izertlewdin' ilimiy juwmaqlari' qaraqalpaq antroponimiyasi' sistemasi'ni'n', soni'n' ishinde, qaraqalpaq tili leksikali'q fondi'ni'n' rawajlani'wi' ha'm bayi'w ni'zamli'qlari'n ashi'wg'a mu'mkinshilik beredi. Sonday-aq, jumi'sti'n' ilimiy analizleri, teoriyali'q juwmaqlari' qaraqalpaq onomastikasi', qaraqalpaq tilinin' leksikologiyasi' ha'm semasiologiyasi'ni'n' adam atlari'na baylani'sli' bazi' bir sheshilmegen ma'selelerdi ani'qlawg'a, bul ma'seledegi kemshiliklerdi boldi'rmawg'a, aldag'i' waqi'tta adam atlari'ni'n' basqa tu'rlerin de izertlewge jol ashi'p beredi. Jumi'sti'n' teoriyali'q juwmaqlari' ha'm analizleri joqari' woqi'w wori'nlari'nda qaraqalpaq onomastikasi' boyi'nsha arnawli' kurslardi' woqi'ti'wda, tilge baylani'sli' a'meliy shi'ni'g'i'wlar wo'tkeriwde paydasi'n tiygiziwi mu'mkin. Sonday-aq, dissertaciyada analizlengen materiallar bolsa

[8] *Сайымбетов О.* Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. Нөкис, 2000.

qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ tu’sindirme ha’m orfografiyali’q so’zliklerin du’ziwde de ja’rdemin tiygizedi.

**Ilimiy jan’ali’g’i’.** Jumi’sti’n’ ilimiy jan’ali’g’i’ sonnan ibarat, wonda qaraqalpaq yer adam atlari’ arnawli’ tu’rde u’yreniledi, wolar boyi’nsha materiallar toplani’p, ilimiy sistemag’a sali’ndi’. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ payda boli’wi’ ushi’n tiykar bolg’an lingvistikali’q ha’m lingvistikali’q yemes (tariyxi’y, etnografiyali’q) faktorlar ani’qlandi’.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’.** Dissertaciya kirisiw, u’sh bap, juwmaq ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlardi’n’ diziminen ibarat.

# Kirisiw

Prezidentimiz I.A.Karimov ana tilin ja’ne de rawajlandi’ri’w haqqi’nda so’z yetip: «Biz a’wladlardan a’wladlarg’a wo’tip kiyati’rg’an biybaha bayli’qti’n’ dawamlari’ si’pati’nda ana tilimizdi asi’rap-abaylawi’mi’z, woni’ bayi’ti’w, da’rejesin ja’ne de asi’ri’w u’stinde ba’rqulla izleniwimiz sha’rt. A’sirese, fundamental ilimler, zamanago’y kommunikaciya ha’m xabar texnologiyalari’, bank-finans sistemasi’ si’yaqli’ a’hmiyetli tarawlarda ana tilinin’ qollani’w wo’risin ken’eytiw, etnografiyali’q ha’m sali’sti’rmali’ so’zlikler du’ziw, za’ru’r termin ha’m tu’sinikler islep shi’g’i’w, bir so’z benen aytqanda, ana tilin ilimiy tiykarda ha’r ta’repleme rawajlandi’ri’w milliyligimizdi an’law si’yaqli’ maqsetlerge xi’zmet yetiwi so’zsiz»,[9] - degen yedi. Haqi’yqati’nda da tilimizdin’ rawajlani’wi’na juwapkershilik til biliminin’ minneti boli’p, al bu’gingi ku’nde tildin’ ha’r tu’rli bo’limleri boyi’nsha teren’ ilimiy izleniwler ali’p bari’wdi’ ko’rsetedi.

Qaraqalpaq adam atlari’ tildegi so’zlik qurami’ni’n’ bir bo’legi boli’p yesaplanadi’. Wol wo’zinin’ arnasi’n uli’wma xali’q tilinin’ fondi’nan aladi’ ha’m tilimizdin’ ishki ni’zamli’li’qlari’na sa’ykes rawajlanadi’. Solay yetip, wol tildegi so’zlerdin’ barli’q tarawlari’nan jasaladi’.

Qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ ko’pshilik bo’legi xalqi’mi’zdi’n’ wo’tken zamanlardan baslap ha’zirge deyingi ma’deniy-tariyxi’y wo’mirin ani’q ko’rsetedi.

Balalarg’a at qoyi’wda yertede belgili da’rejede i’ri’m ha’m da’stu’r ayi’ri’qsha wori’n ali’p ati’rg’an. Wolardi’n’ ayi’ri’mlari’n so’zdin’ kiyeli ku’shi menen de baylani’sti’ri’p woti’ri’w yerte da’wirden bar qubi’li’s. Sol

---

[9] *Каримов И.А.* Юксак маънавият – енгилмас кўч. Тошкент, 2008, 87-бет.

yerte da’wirlerde balalarg’a ko’z tiyiwden yamasa jin-shayttannan saqlaw maqsetinde yersi ismler qoyi’p woti’rg’an.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’nda boli’p ati’rg’an ja’miyetlik-siyasiy, ilimiy, texnikali’q, ekonomikali’q ha’m ma’deniyat tarawi’ndag’i’ wo’zgerisler, ana tilimizdin’ yerkin rawajlani’p, so’zlik qurami’mi’zdi’n’ leksikali’q qatlamlari’ni’n’, soni’n’ ishinde antroponimlerdin’ de wo’sip, jetilisip bayi’wi’na ta’sir yetti. Antroponimlerdin’, yag’ni’y adam atlari’ni’n’ qurami’ tek g’ana ana tilindegi so’zlerden yemes, basqa tillerden qabi’l ali’ng’an adam atlari’ yesabi’nan da ko’beyip woti’r. Jan’a adam atlari’ni’n’ san jag’i’nan ko’beyiwi ja’miyet turmi’si’ndag’i’ ni’zamli’ qubi’li’s.

Qaraqalpaqstan - ko’p milletli respublika. Son’g’i’ ji’llari’ respublika turg’i’nlari’ arasi’nda neke sani’ ko’beydi. Wolardi’n’ balalari’ni’n’ ismleri birde a’kesinin’ milleti ta’repinen berilip woti’rsa, geyde anasi’ni’n’ milleti ta’repinen qoyi’li’p, xali’qlardi’n’ internacionalli’q ruwxi’na sa’ykes keledi.

Basqa xali’qlardi’n’ adam atlari’nan balalarg’a ism qoyg’anda, wolardi’n’ ishinen ana tiline jaqi’n, beyim, ayti’li’wi’ an’sat ha’m i’qsham, ma’nisi ani’q ismlerdi tan’lap ali’w bayqaladi’.

Bul ko’rsetilgen da’liller qaraqalpaq adam atlari’n basqa xali’qlardag’i’ adam atlari’ yesabi’nan bayi’ti’wdi’n’, wolardi’n’ qurami’n internacionalli’q bag’i’tta toli’qti’ri’wdi’n’ ayqi’n ko’rinisi yekenligin belgilep ko’rsetedi.

Bul jag’daydi’n’ ha’mmesi de qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’ni’n’ xali’q arali’q ismler menen toli’sqani’n, wolardi’n’ ishinde ayti’li’wi’, qollani’li’wi’ jag’i’nan ha’r tu’rli variantlar bar yekenligin de ko’rsetedi.

Antroponimika-onomastika iliminin’ bir bo’limi boli’p, wol menshikli adam atlari’ni’n’ qurami’n, wolardi’n’ kelip shi’g’i’w zan’li’li’qlari’n, tillik

qatlamlari'n, quri'li'si'n, ma'nilik wo'zgesheliklerin ha'm t.b. ta'replerin lingvistikali'q jobada izertleydi ha'm u'yrenedi.

Adam atlari', birinshi gezekte, adamni'n' ja'miyettegi worni'n aji'rati'p ko'rsetiw ushi'n qoyi'ladi'. Bul tuwrali' V.A.Nikonov: «Adam atlari' ja'miyette ha'm ja'miyet ushi'n wog'ada za'ru'r. Wolardi' ja'miyette itibarsi'z qaldi'ri'wg'a bolmaydi'. Sonli'qtan adam atlari'na degen ma'pdarli'qti'n' ku'shli yekenligi tu'sinikli»,[10] dep ko'rsetedi. Antroponimler basqa so'zler si'yaqli' tildin' zan'li'li'qlari'na bag'i'nadi', sonli'qtan wolar til sistemasi'ni'n' tiykarg'i' bir bo'legin quraydi' ha'm etnografiya, tariyx, sociologiya ha'm huqi'q tani'w menen birgelikte u'yreniledi.

Haqi'yqati'nda da, adam atlari'n izertlew arqali' xali'qti'n' til tariyxi'n, u'rp-a'det da'stu'rlerin, socialli'q jag'daylari'n ha'm tag'i' basqa si'rlari'n ashi'wg'a boladi'. Ha'zirgi qaraqalpaq adam atlari'ni'n' qurami'nda arab-parsi', tu'rkiy ha'm mong'ol tillerine wortaq elementler, rus tili arqali' kelip kirgen elementler ushi'rasadi'. Soni'n' menen birge qaraqalpaq adam atlari' grammatikali'q quri'li'si' ha'm semantikali'q wo'zgeshelikleri jag'i'nan da ha'r ta'repleme u'yreniwdi talap yetedi. Ja'miyettin' wo'zgerip rawajlani'wi' menen bir qatarda ilim ha'm ma'deniyat, solar menen adam atlari' da ha'r ja'miyetke say jan'a ismler menen toli'si'p baradi', al wolardi'n' geyparalari' go'nerip umi't boli'p, qollani'wdan shi'g'i'p qaladi'. Adam atlari' arqali' tariyx betlerinin' si'rlari' ashi'ladi', boli'p wo'tken tariyxi'y waqi'yalardag'i' is-ha'reketlerdin' kimler ta'repinen islengenligi ko'rinedi, adamlardi'n' ja'miyettegi worni' ani'qlanadi'. Sonli'qtan

---

[10] *Никонов В.А.* Методы антропонимики. //Личные имена в прошлом, настоящем, будущем. М., 1970, 33-бет.

qaraqalpaq til biliminde arnawli’ tu’rde izertlenilmey kiyati’rg’an a’hmiyetli tarawlardi’n’ biri qaraqalpaq antroponimikasi’n izertlew boli’p tabi’ladi’.

N.A.Baskakov birinshilerden boli’p, qaraqalpaq toponimikasi’ ha’m onomastikasi’n izertlewdin’ wog’ada za’ru’r yekenligin atap ko’rsetti. Wol wo’zinin’ «Karakalpakskiy yazi’k» atli’ miynetinin’ birinshi tomi’nda qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ dizimin bergen.

Bul qaraqalpaq antroponimiyasi’ boyi’nsha ayti’lg’an da’slepki ilimiy pikirler ha’m ji’ynalg’an materiallar yedi. N.A.Baskakov maqalasi’nda *gu’l* komponentinin’ qaraqalpaq hayal-qi’zlari’ atlari’ni’n’ qurami’nda u’sh tu’rli variantta qollani’latug’i’nli’g’i’n ha’m semantikali’q jaqtan jasali’w jollari’n ashi’p ko’rsetti.[11]

Tariyxshi’ ha’m etnograf L.S.Tolstova wo’zinin’ maqalasi’nda[12] qaraqalpaq antroponimlerine qi’sqasha sholi’w jasap, geografiyali’q atamalarg’a baylani’sli’ *(Shi’mbay, Moynaqbay, To’rtku’lbay, No’kisbay, Da’ryabay, Ten’izbay* ha’m t.b.), uri’w, millet atamalari’na baylani’sli’ (*Qi’yatbay, Qi’pshaqbay, Man’g’i’tbay, Tu’rkmenbay, Qazaqbay* ha’m t.b ) qoyi’lg’an adam atlari’ni’n’ jasali’w jollari’n lingvistikali’q ha’m tariyxi’y etnografiyali’q materiallar tiykari’nda da’lillengen. Wol wo’zinin’ basqa bir maqalasi’nda a’yyemgi Shi’g’i’s antroponimlerinin’ topari’na kiretug’i’n *Samiram* ati’ni’n’ qaraqalpaq folklori’nda saqlang’anli’g’i’ haqqi’nda da’rek beredi. Ilimpazdi’n’ pikirinshe, *Samiran* – bizin’ erami’zg’a shekemgi IX a’sirlerde jasag’an Assiriyani’n’ yer patshasi’ *Shammurat* (yamasa

---

[11] *Баскаков Н.А.* Элемент «гүл» роза, светок в составе каракалпакских женских имен. //Ономастика Средней Азии, М., 1978, 138-142-бетлер

[12] *Толстова Л.С.* Древневосточные антропонимические ассосиасии в каракалпакском историческом фольклоре. //Ономастика Востока. М., 1980, 67-71-бетлер.

*Sammuramat*) ati'ni'n' negizgi u'lgisi boli'p, wol a'yyemgi armyan xalqi'na belgili bolg'an *Shamiram* ati' menen de baylani'sli'. Avtor adam atlari' arqali' xali'qlar arasi'nda kiyati'rg'an wo'z-ara tariyxi'y baylani'sti'n' jigin ashi'p, usi' xali'qlar arasi'ndag'i' *Samiram* haqqi'ndag'i' an'i'zdi'n' uqsasli'g'i'na ayri'qsha di'qqat awdarg'an.[13]

Qaraqalpaq adam atlari'na baylani'sli' bolg'an ayi'ri'm ma'seleler jergilikli ali'mlar ta'repinen de izertlenildi. Ma'selen, D.S.Nasi'rovti'n' L.S.Tolstova menen birgelikte jazi'lg'an maqalasi'nda qaraqalpaq adam atlari' ha'm familiyalari'ni'n' tariyxi', tuwi'sqanli'q terminlerdin' adam atlari'ni'n' qurami'nda qollani'li'w wo'zgeshelikleri so'z yetilgen. Sonday-aq bul maqalada qaraqalpaq adam atlari'ni'n' semantikali'q klassifikaciyasi' ha'm wolardi'n' tariyxi'y rawajlani'w basqi'shlari' da ken' ta'rizde ko'rsetilgen.[14]

J.Sha'mshetov qaraqalpaq adam atlari'ni'n' qurami'nda shi'g'i'si' arabsha qatlamlardi'n' qollani'li'wi', quri'li'si' boyi'nsha wo'zgeshelikleri ha'm wolardi'n' fonetikali'q ayi'rmashi'li'qlari'n ko'rsetip bergen.[15] Wo.Yusupov *Alpami's, Baybo'ri, A'shim* antroponimlerinin' ha'm *Qon'i'rat* etnoniminin' etimologiyasi'n ashi'p, bir neshe isenimli da'liller menen tariyxi'y jaqtan si'patlama bergen.[16]

---

[13] *Толстова Л.С.* Топонимы и этнонимы в антропонимии каракалпаков. //Ономастика Средней Азии, Фрунзе, 1980, 101-105-бетлер.

[14] *Насыров Д.С., Толстова Л.С.* Каракалпаки. //Системы личных имен у народов мира., М., 1986. 152-156-бетлер.

[15] *Шамшетов Ж*. Қарақалпақ тилиндеги араб антропонимлеринен. //ӨзССР ИА ҚФ хабаршысы, 1974, №1, 77-82-бетлер.

[16] *Юсупов О.* «Алпамыс» дәстанындағы антропонимлер ҳәм этнонимлер ҳаққында жаңа ой-пикирлер. //ӨзССР ИА ҚФ хабаршысы, Нөкис, 1985, №1, 56-63-бетлер.

Q.Qoshanov «Rus ha'm qaraqalpaq tillerinin' wo'z-ara baylani'si' ma'seleleri» (No'kis, 1991) atli' miynetinde qaraqalpaq tiline russha adam atlari'ni'n' kelip kiriw jag'daylari'n ha'm wolardi'n' qollani'li'w wo'zgesheliklerin ko'rsetken. Sonday-aq avtor qaraqalpaq adam atlari'ni'n' jazi'li'w ma'selelerine de ayri'qsha di'qqat awdarg'an.

Qaraqalpaq adam atlari'ni'n' so'zligi birinshi ret Wo.Bekbawlov ta'repinen «Jekke adam atlari'» degen atamada 1973-ji'li' baspadan shi'qti'. Yekinshi so'zlik Wo.Dospanov, M.Qa'lenderov, Ye.Dospanova, G.Qa'lenderovalar ta'repinen 1994-ji'li' «Qaraqalpaq isimleri» degen at penen shi'qti'. Bul so'zlikler, tiykari'nan alg'anda, adam atlari'ni'n' jazi'li'w ha'm ismlerdi tan'law ma'selelerine arnalg'an.

Uli'wma alg'anda, qaraqalpaq antroponimlerinin' yelege shekem izertlenbey kiyati'rg'an ma'seleleri ko'p.

Sonli'qtan da, qaraqalpaq adam atlari'n ha'r ta'repleme izertlep, wolardi'n' tariyxi'y shi'g'i'w dereklerin, qurami'n, tariyxi'y-etnografiyali'q ha'm leksika-semantikali'q wo'zgesheliklerin ashi'p ko'rsetiw ha'zirgi qaraqalpaq til bilimindegi a'hmiyetli wazi'ypalardi'n' biri boli'p tabi'ladi'.

Qaraqalpaq adam atlari' arnawli' tu'rde Wo.Sayi'mbetov ta'repinen izertlendi. Wol wo'zinin' kandidatli'q dissertaciyasi'nda qaraqalpaq adam atlari'ni'n' payda boli'w tariyxi', shi'g'i'si' boyi'nsha qatlamlari', adam atlari'ni'n' tariyxi'y-etnografiyali'q wo'zgeshelikleri, semantikasi' boyi'nsha tu'rleri, quri'li'si' boyi'nsha tu'rleri ha'r ta'repleme monografiyali'q tu'rde so'z yetilgen.[17]

Ha'zirgi qaraqalpaq adam atlari'ni'n' leksikali'q sistemasi'n uli'wma ta'rizde bayanlaw basqi'shti' basi'p wo'tildi dep ayti'wg'a boladi'. Sol

---

[17] *Сайымбетов О.* Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. Нөкис, 2000.

sebepli aldag'i' waqi'tta adam atlari' sistemasi'ndag'i' ayi'ri'm ishki ni'zamli'qlar, sistemali'q qatnaslardi' teren'irek u'yreniw za'ru'rligi tuwi'lmaqta. Mine usi'nday ma'selelerdin' biri – qaraqalpaq antroponimiyasi' sistemasi'ni'n' variantli'li'g'i' qubi'li'si'.

Qaraqalpaq antroponimiyasi' sistemasi'ndag'i' da'stu'riy-tariyxi'y ha'm jan'a ismler arasi'nda payda boladi'. Yekinshiden, adam atlari' variantli'li'g'i'n izertlew *a'debiy ism* ha'm *dialektlik ism* si'yaqli' tu'sinikler da'rejesin an'lap jetiwge mu'mkinshilik beredi. Sebebi, variant ismlerdin' belgili bir bo'legi a'debiy (uli'wmali'q normag'a tu'sken) ha'm jergilikli-dialektlik ismler tiykari'nda payda boladi'. U'shinshiden, adam atlari' variantli'li'g'i'n izertlew qaraqalpaq adam atlari' ha'm familiyalari' imlasi'ni'n' ayi'ri'm qi'yi'n a'meliy ma'selelerdi ilimiy jaqtan duri's sheshiwge mu'mkinshilik beredi. Sebebi, atamalari' belgili ha'r tu'rli jazi'li'w formalari' menen baylani'sli' bolg'an orfografiyali'q variantlar quraydi'. To'rtinshiden, adam atlari'ndag'i' variantli'li'q qubi'li'si'n izertlew til sistemasi'ni'n' wo'zine ta'n wo'zgesheliklerinen biri bolg'an invariant ha'm variant qubi'li'si'ni'n' qaraqalpaq antroponimiyasi' sistemasi'ndag'i' wo'zgesheliklerin ashi'wg'a mu'mkinshilik beredi ha'm t.b. Ayti'lg'an ma'selelerdin' u'yreniliwi, wo'z na'wbetinde antroponimiyani'n' a'debiy normag'a qatnasi'n belgileydi, ismler, familiyalar, otchestvolardi'n' tan'lap ali'ni'wi' ha'm jazi'li'wi'n belgisi bir normalarg'a sali'w mu'mkinshiliklerin aydi'nlasti'radi'.

# I bap. Qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' tariyxi'y-etnografiyali'q wo'zgeshelikleri

Yegerde wo'tmishimizge ko'z jibersek, wonda mi'naday na'rseni yadtan shi'g'armawi'mi'z da'rkar: xalqi'mi'zda du'nyag'a jan'adan kelgen perzentke tan'lap at qoyi'w da'stu'ri bir neshe ji'llardan berli bar. Bularda yen' basli'si' ha'r bir tariyxi'y da'wirdin' ti'ni'si'n, lebin seziw mu'mkinshiligine iye bolami'z. Bug'an qosi'msha xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'nda wo'zinin' yerlik, qaharmanli'q isleri menen dan'qi'n, atag'i'n yen jayi'p, yerligi tuwrali' an'i'zlardi', ha'r qi'yli' a'n'gimelerdi xali'q tek g'ana yadta saqlap qoymay, wolardi'n' isimleri menen wo'zlerinin' du'nyag'a jan'a kelgen perzentlerin de ataw da'stu'rinin' saqlani'p qalg'anli'g'i'n ko'remiz. Ma'selen qaraqalpaqlarda ha'zirgi ku'nlerge deyin bir isimlerdi du'zilisi ja'ne qurami' jag'i'nan ali'p qarag'ani'mi'zda, wolardi'n' basi'm ko'pshiligi tilimizdin' so'zlik qurami'nan ali'nsa, geyparalari' a'yyemgi tu'rkiy xali'qlari'ndag'i' si'yaqli' ata-babalari'mi'z ta'repinen qoyi'lg'an isimler, sonday-aq, VII-VIII a'sirlerden baslap arab, İran, man'g'ol, al, keyinirek ori's, t.b. tillerden wo'zlestirilgen.

Yeger de perzentlerge at qoyi'wdi'n' si'rlari'na teren'irek u'n'ilsek, wonda xali'q ta'repinen balalarg'a qoyi'lg'an isimler adamlardi' qorshag'an ekologiyali'q, astronomiyali'q jag'daylarg'a, ha'r qi'yli' diniy tu'siniklerge baylani'sli' yetip ali'ng'ani'n ko'remiz. Ma'selen, *Ta'n'irbergen*, *Qudaybergen*, *Ayjari'q* t.b. atlardi' qoyi'w arqali' du'nyag'a kelgen perzentke yen' jaqsi' tilekler tilep, wolar Ayg'a, Ku'nge, Juldi'zg'a, Ta'n'irge isengen.

Bir qi’zi’qli’ jeri – xalqi’mi’zdi’n’ yeski isenimlerge, a’sirese haywanatlar menen quslarg’a bar i’qlasi’ menen inang’anli’g’i’n wolardi’n’ perzentlerine qoyg’an atlari’nan seziw mu’mkin. Ma’selen, adamlar ko’pshilik waqi’tlarda qasqi’r, bo’rilerge tabi’ni’p, wolardi’ wo’zlerinin’ qorg’awshi’lari’ yesabi’nda qarag’an. Mine usi’lay bolg’anli’qtan wo’zlerinin’ perzentlerine *Qasqi’rbay, Bo’ribay, Bo’rixan* t.b. si’yaqli’ isimlerdi de qoyg’an. Bunday da’stu’r ha’zirgi ku’nlerge deyin dawam yetip kiyati’r. Mi’sali’, tilimizdegi yerler ja’ne hayal-qi’zlar atlari’ni’n’ qurami’nda *Ari’slan, Bari’s, Bu’rkitbay, Qarshi’g’a, Qarli’g’ash* si’yaqli’ atlardi’ biz ku’ndelikli turmi’sta jiyi-jiyi qollani’li’w faktlerin ko’riwimizge boladi’.

Qaraqalpaq tilindegi adam atlari’ bizdi qorshap turg’an ekologiyali’q jag’daylarg’a tu’rlishe ha’diyselerge, qubi’li’slarg’a, sonday-aq biraz waqi’tlardan berli saqlani’p kiyati’rg’an i’ri’mlar menen u’rip-a’detler, geypara diniy tu’sinikler t.b. baylani’sli’ qollani’li’p kiyati’r. Yegerde qanday da birewdin’ shan’arag’i’ni’n’ ag’zasi’ yekinshi bir jaqqa sapar shegip ketse, woni’n’ aman-yesen qayti’p keliwine tilekleslik bildirip *Amangeldi, Amanbay, Amanjol, Amanli’q, Yesengeldi, Yesenbay, Yesemurat, Yeseniyaz* dep atalsa, hawa i’rayi’ni’n’ jawi’n-shashi’nli’ boli’wi’na qaray Jan’bi’rbay, qarli’ ku’ni tuwi’lsa Qarg’abay, al dawi’lli’, boranli’ ku’nleri du’nyag’a kelse *Dawi’lbay, Boranbay, Boranqul* degen isimler qoyi’lg’an. Bularg’a qosi’msha adamlardi’n’ wo’mir tirishiliginin’ birden bir tiykarri’ yesaplang’an geypara sharwashi’li’qqa baylani’sli’ isimlerdi de ushi’rati’w mu’mkin. Mi’sali’: *Qoyli’bay, Qoyshi’bay, Qoshantay, Qozi’bay, Qoshqar, Qoshqarbay, Qoybag’ar* t.b.

Qaraqalpaqlarda jan’adan tuwi’lg’an perzentlerge biletug’i’n isimlerdin’ basi’m ko’pshiligi bazi’bir quslarg’a, haywanatlarg’a, ekologiyali’q qubi’li’slarg’a t.b. baylani’sli’, sonday-aq geyde ta’wipler, mola-iyshanlardi’n’ yemleri, duwalari’ payda yetpey, balalari’ turmag’an waqi’tlari’ wolar tu’rlishe isimler woylap tapqan. Ma’selen *Toqtabay, Toqtasi’n, Totarbay, Turdi’bay, Tursi’nbay, Turg’an, Turg’anbay.*

Xalqi’mi’z ha’mme waqi’tta da tuwi’lg’an perzentlerinin’ wo’mirde wo’z wori’nlari’n tabi’wi’n qa’lep, wolarg’a ku’ndelikli turmi’sta qanday da bir estetikali’q, yosh, zawi’q bag’i’shlaytug’i’n isimlerdi qoyi’wdi’ maqset, u’rdis yetken, sebebi wonday atlar keleshekte balalardi’n’ qatarlari’nan adamgershiligi, minezi menen wo’zgeshelenip turi’wi’na ja’rdem beredi dep woylag’an. Keltirgen jag’daylardi’ an’lati’w ushi’n qi’zlarg’a *Ga’whar, Gu’mis, Gu’misay, Jipek, Maqpal, Qi’rmi’zi’, Lala, Lalagu’l, Miywagu’l, Alti’n, Alti’nay, Alti’ngu’l, Alti’nshash* ha’m t.b. al wolardi’n’ suli’w, go’zzal, si’mbatli’ boli’wi’na baylani’sli’ tileklerin *Nursuli’w, Aysuli’w, Ayjamal, Ku’nsuli’w, Jamal, Sholpan, Ra’wshan, Aysholpan, Ayday, Aydangu’l, Ayparshi’n, Aysa’nem, Shahsa’nem* ha’m t.b. dep qoyi’w arqali’ bildirilgen.

Ata-analar perzentlerinin’ saw-salamat, aqi’l-parasatli’, yer ju’rek, xali’qti’n’ wo’tken zamanlardag’i’ qaharman, bati’r ullari’na uqsawi’n a’rman yetip *Alpami’s, Qoblan, Yedige, Ari’slan, Aydos, Yernazar, al qi’zlarg’a Gu’lparshi’n, Gu’layi’m, Qurtqa, Sa’rbinaz, A’njim, Ayparshi’n, Ayman, Nazi’m, Nazi’gu’l* t.b. isimlerdi qoyg’an.

Qaraqalpaq isimlerdin’ du’zilisinde ji’ldi’n’ ha’r tu’rli ma’wsimleri, astronomiyali’q atamalarg’a baylani’sli’ atlarda bar yekenligin ko’remiz. Wondaylar qatari’na *Oktyabr, Du’ysenbay, Sa’rsenbay, Jumabay, Jumash,*

*Juldi’zbay, Ayjari’q, Aynazar* ha’m t.b.qi’zlarg’a qoyi’lg’an *Sa’rsengu’l, Sa’rsenbiyke, Jumagu’l, Jumabiyke, Aymereke, Aymeken, Aysuli’w, Aysultan* ha’m t.b. atlardi’ ko’rsetiw mu’mkin.

Qaraqalpaqlardag’i’ adam atlari’ arasi’nda ha’zirge deyin saqlani’p kiyati’rg’an ha’r tu’rli uri’wlar, sonday-aq, xali’qlar atamalari’na qatnasli’ isimlerde ushi’rasadi’. Ma’selen, *Qi’pshaqbay, Man’g’i’tbay, Qi’yatbay, Qi’taybek, Qi’taybay, Qi’taygu’l, Mu’yten* ha’m t.b. sonday-aq *Qazaqbay, Tu’rkmenbay, Qi’rg’i’zbay, Nog’aybay, Wo’zbekbay, Bayqazaq, Ori’sbay* ha’m t.b. dep qoyi’li’wi’ buni’n’ mi’sali’.

Atap wo’tilgenlerden basqa xali’qti’n’ woti’rg’an ma’kani’, da’rya, ten’iz, ko’l atamalari’na sa’ykeslestirip qoyi’lg’an isimler de bar. Wondaylardi’n’ qatari’na *Moynaqbay, Shegebay, Buxarbay, U’rgenishbay, Go’nebay, Da’wqara, Zayi’r, Charjawbay, Frunze, Ma’skewbay, No’kisbay, To’rtku’lbay, Shoraxan, Da’ryabay* t.b. atap ko’rsetiw mu’mkin.

Oktyabr revolyuciyasi’nan keyingi da’wirde basqa salalardag’i’ si’yaqli’, xalqi’mi’zdi’n’ jan’adan tuwi’lg’an perzentlerine at qoyi’w ma’selesinde de ko’plegen jan’ali’qlar sezile basladi’. Wonday isimler ko’pshilik jag’daylarda yelimizdin’ ma’deniyati’ tarawi’nda yerisilgen tabi’slar, xali’q wo’mirindegi quwani’shli’ waqi’yalar, ilim menen wo’nerge baylani’sli’ *Sovet, Sovetbay, Ken’esbay, Oktyabr, Saylaw, Saylawbay, G’ali’m* ha’m t.b. si’yaqli’ isimlerdin’ qoyi’li’wi’ buni’n’ ayqi’n da’lili. Bulardan basqa amanli’q, paraxatshi’li’q, yerkinlikti keleshekte de saqlap qali’w maqsetinde *Azat, Paraxat, Yerkin, Abbat, Bayram, Kolxozbay, Sovxozbay* t.b. atlardi’ qoyi’p yelimizdegi du’zimnin’ bunnan bi’lay da rawajlani’wi’na bolg’an wo’zlerinin’ tilek-a’rmanlari’n bildirdi.

Nemis-fashist basqi’nshi’lari’na qarsi’ Ulli’ Watandarli’q uri’s xalqi’mi’zdi’n’ jen’isi menen tamam bolg’annan keyingi da’wirde qaraqalpaq diyari’nda jan’adan du’nyag’a kelgen ko’plegen jas na’wshelerge Jen’is, Bayram, Jen’isbay, Jen’isbek, Jen’isgu’l ha’m t.b. yel yelimizdin’ dosli’q, paraxatshi’li’q, tati’wli’qta jasap, awi’zbirishliginin’ bunnan bi’layda bekkemleniwine baylani’sli’ tilek, a’rmanlari’ wo’z ballari’na *Mir, Damir, Zamir, Zamira, Gu’lmiyra, Palmiyra* ha’m t.b. ta’qilettegi atlardi’ qoyi’wi’ arqali’ tasti’yi’qlaydi’.

Xali’qlardi’n’ wo’z ara tuwi’sqanlasi’p, dosli’qta jasawi’, ori’s xalqi’ni’n’ basqa millet wa’killerine bergen ja’rdemi, ma’deniy, ilimiy, siyasiy-ekonomikali’q, xojali’q t.b. salalardag’i’ qari’m-qatnaslar qaraqalpaq antroponimikasi’ni’n’ bunnan bi’lay da bayi’wi’, rawajlani’wi’ ja’ne ha’r ta’repleme qanat jayi’wi’na wo’z ta’sirin tiygizip, ata-analardi’n’ ori’s tili ha’m wol arqali’ basqa tillerden yengen ko’plegen atlardi’ jan’adan tuwi’lg’an perzentlerine qoyi’wi’na jol ashi’p berdi. Ma’selen, wondaylarg’a *Mels, Klim, Frunze, İlichbay, Vladimir, Vladlen, Pushkin, Andrey, Alempey* t.b. si’yaqli’ isimler da’lil bola aladi’.

Joqari’da keltirgen jag’daylardi’ juwmaqlasti’ra woti’ri’p, mi’naday pikir bildirmekshimiz: qaraqalpaq xalqi’nda du’nyag’a jan’a kelgen perzentlerge woni’n’ wo’tmishi, ha’zirgisi ja’ne keleshegin na’zerge ala woti’ri’p ko’plegen jaqsi’ isimlerdin’ qoyi’lg’ani’n belgilep wo’tiw da’rkar. Wolardi’n’ leksikali’q qatlami’nda tek bizin’ tilden g’ana yemes, al a’yyemgi tu’rkiy tillerinin’, elementleri de, sonday-aq arab-iran, ori’s t.b. tillerden ali’nbag’anlari’ da bar. Bul, a’lbette, woni’n’ leksikali’q qurami’ni’n’ ra’n’ba’ren’ bir neshe qatlamlardan ibarat yekenligin bildiriw

menen qatar, tilimizdin’ ha’r tu’rli tillerdin’ yesabi’nan bayi’wi’ni’n’ da da’lili.

Bizin’she, bunday jumi’slar keleshekte de dawam yete beriwine hesh kim gu’man tuwdi’ra almaydi’. Sonli’qtan usi’ saladag’i’ yen’ basli’ na’rse – du’nyag’a jan’a kelgen yl yaki qi’zg’a isim qoyi’wda yen’ birinshi na’wbette isti aqi’l-parasatli’li’q penen atqarg’an maqul dep yesaplaymi’z.

Ma’selen, geypara shan’araqlarda du’nyag’a jan’a kelgen perzentlerine *Ruslan, Radik, Andrey* ha’m t.b. al qi’zlarg’a *Zoya, Sveta, Klara, Anjelika, Rita, İndira* t.b. dep qoyi’li’wi’ bir qansha qolaysi’zli’qlarg’a ali’p keliwi so’zsiz. Sebebi, wolardi’n’ keleshegi haqqi’nda woylani’p ko’rgenimiz maqul yemes pe? Qartayg’anda wolardi’ *Radik, Andrey* ag’a yaki ata, bolmasa *Venera, Sveta, Anjelika, Rita (Margarita)* apa, sheshe t.b. dep atag’anda qaraqalpaqlardi’n’ milliy at qoyi’w da’stu’rindegi wo’z waqti’nda jiberilgen kemshilikti ani’q seziwge bolatug’i’ni’ ko’rinip turg’an joqpa? Biz mine ma’selenin’ usi’ ta’repi tuwrali’ woylani’p ko’riwimiz da’rkar.

Til biliminde so’zlik quramdi’ klassifikaciyalawda ha’r tu’rli jag’daylar yesapqa ali’ni’p kiyati’r. Aytayi’q, tariyxi’y shi’g’i’si’na qaray wolardi’ tu’pkilikli ha’m wo’zge qatlamlarg’a, qollani’li’w wo’risine qaray sheklenbegen toparlarg’a, tariyxi’y-funkcionalli’q belgilerine qaray ken’ qollani’tug’i’n ha’m az qollani’latug’i’n birliklerge, funkcionalli’q-stillik wo’zgeshelikleri boyi’nsha awi’zsha ha’m jazba stillik qatlamlarg’a jazba stillik qatlamlardi’ ha’r tu’rli funkcionalli’q-stillik tarmaqlarg’a bo’liw principi ko’birek tarqalg’an. Soni’n’ menen birge, so’zlik quram leksikali’q birliklerdin’ ma’ni ha’m formali’q belgilerine qaray so’z shaqaplari’na, ma’nili so’zlerdi an’latatug’i’n predmetlerdin’ tiplik wo’zgesheliklerine sa’ykes wolardi’ leksika-semantikali’q, tematikali’q ha’m t.b. toparlarg’a

aji’rati’li’p ta qaraladi’. Demek, so’zlik quram ha’r tu’rli principler tiykari’nda ha’r tu’rli klassifikaciyali’q si’patqa iye boli’p kelmekte ha’m sol ko’zqarastan ha’r ta’repleme u’yrenilmekte.

Biz bul bo’limde til biliminde qollani’li’p kiyati’rg’an ha’r tu’rli ka’sipke qatnasli’ so’zlerdi belgili bir temalar do’gereginde klassifikaciyalap izertlew principin negiz yetip ala woti’ri’p, wo’simliktin’ atqaratug’i’n xi’zmetine, qollani’li’w wo’zgesheligine geografiyali’q atamalardi’n’ belgili bir tu’siniklerdi bildiriwine qaray, ji’ynalg’an materiallardi’ ha’r tu’rli temalar do’gereginde toparlarg’a bo’lip izertlewdi maqul ko’rdik. Wo’ytkeni, so’zlerdin’ tematikali’q toparlari’ni’n’ leksika-semantikali’q toparlarg’a qarag’anda wo’risi ju’da’ ken’. Sebebi, qanday da bir tematikali’q toparg’a ha’r tu’rli so’z shaqaplari’na jatatug’i’n so’zler de kiretug’i’n bolsa, leksika-semantikali’q topar bir g’ana so’z shaqabi’na kiretug’i’n atamalardan quraladi’. Izertlew obekti boli’p woti’rg’an tematikali’q topardi’n’ qurami’nda ha’r tu’rli leksika-semantikali’q so’z topari’ bola beriwi mu’mkin.

Izertlewshilerdin’ wori’nli’ atap ko’rsetkenindey, so’zlerdi tematikali’q princip boyi’nsha bo’liw na’tiyjesinde g’ana izertlew obekti boli’p woti’rg’an ka’siptin’, wo’ndiristin’, belgili bir tarawdi’n’ leksikali’q so’z bayli’g’i’n anag’urli’m toli’g’i’raq qamti’wg’a mu’mkinshilik ko’beyedi. Klassifikaciyalawdi’n’ bunday tu’ri so’zdin’ ma’nilerin saylap ko’rsetiwge ja’rdemin tiygizedi. Wo’ytkeni, atama wo’zinin’ bir g’ana ma’nisinde belgili tematikali’q toparg’a wo’tedi. Klassifikaciyalawdi’n’ bul tu’ri ka’sibiy leksikag’a ekstralingvistikali’q si’patlama beriwge, predmetler menen qubi’li’slardi’n’ wo’zlerine tikkeley bag’darlang’an so’z toparlari’n ani’qlawg’a, lingvistikali’q jaqtan uli’wma sholi’w jasawg’a, woni’n’

ha’zirgi waqi’ttag’i’ bir tutas sistemasi’n ko’rsetiwge qolay usi’llardi’n’ birinen sanaladi’.

Qa’legen tildin’ leksikasi’n tematikali’q toparlarg’a bo’lip izertlew arqali’ wondag’i’ sistemali’q ani’qlanadi’ ha’m sol arqali’ belgili bir ni’zamli’li’qlar ashi’ladi’. Izertlewdin’ bul usi’li’ ha’zirgi da’wirde tiykarg’i’ ilimiy metodlardan yesaplanadi’. Belgili bir tarawg’a tiyisli terminlerdi tematikali’q toparlarg’a aji’rati’p u’yreniwdin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bar. Qa’legen bir tarawg’a tiyisli terminlerdi tematikali’q toparlarg’a bo’liw, birinshiden, bul taraw terminlerinin’ uli’wma bayli’g’i’n ani’q ko’rsetiwde, yekinshiden, wolardi’n’ jasali’w modellerin ani’qlawda ha’m terminlerdin’ leksika-semantikali’q ta’repten wo’z ara baylani’si’n ashi’p beriwde u’lken xi’zmet atqaradi’.

E.Begmatovti’n’ miynetinde leksikali’q bayli’qti’ tematikali’q toparlarg’a aji’rati’p u’yreniwdin’ qolayli’qlari’, basqasha izertlew usi’llari’nan ayi’rmashi’li’qlari’ ken’ ha’m isenimli tu’rde bayanlag’an.[18] Wol so’zlerdi tematikali’q toparlarg’a aji’rati’w so’zlik bayli’qti’ sistema si’pati’nda u’yreniwdin’ usi’llari’nan biri yekenligin ju’da’ duri’s atap ko’rsetken.

Sonday-aq tu’rkiy tillerdin’ leksikali’q qatlamlari’, terminologiyali’q sistemalari’ izertlenigen bir qatar miynetlerde tematikali’q klassifikaciyadan paydalani’lg’an. Ma’selen, R.Safarov bi’lay jazadi’: «Sistem leksikologiyaning taraqqiёt bosqichi swzlarni tematika va leksik-semantik guruhlarga birlashtirib, manoni tarkibiy qismlarga ajratib wrganish bilan xarakterlanadi».[19]

---

[18] *Бегматов Э.А.* Ҳозирги ўзбек адабий тилининг лексик қатламлари. – Тошкент, 1985, 120-бет.
[19] *Сафаров Р.* Лексик-семантик муносабатнинг турлари. – Тошкент, 1996, 4-бет.

Ayi’ri’m pikirlerden ko’rinip turg’ani’nday, leksemalardi’ leksika-semantikali’q ko’z qarastan yaki tematikali’q ko’z qarastan izertlengende de leksikani’n’ sistemali’q qa’siyetin ashi’p beredi. Ma’selen, B.Abdigalieva qazaq tilinin’ turmi’sli’q leksikasi’na arnalg’an miynetinde u’y buyi’mlari’ atamalari’n ha’r qi’yli’ leksika-semantikali’q toparlarg’a bo’lgen: a) i’di’s tu’sinigin an’lati’wshi’ so’zler; b) awqat tayarlawg’a arnalg’an i’di’s atamalari’; v) awqat jewge ha’m ishiwge arnalg’an i’di’s atamalari’; g) ha’r qi’yli’ wazi’ypadag’i’ i’di’s atamalari’ dep belgili bir sistemag’a tu’siredi.[20]

1960-ji’llardi’n’ aqi’ri’na kelip Bati’s Evropa ha’m keyinrek rus til biliminde sistem leksikologiyada belgili bolg’an leksika-semantikali’q toparlarg’a sinonimlik ha’m antonimlik paradigmalar menen birge, so’zlerdin’ arasi’ndag’i’ leksika-semantikali’q qatnasti’n’ ja’ne bir tu’ri – giponimiya aji’rati’ladi’. Son’g’i’ ji’llardag’i’ izertlewde leksemalardi’n’ wo’z ara semanitkali’q qari’m-qatnaslari’ni’n’ qatari’na giponimiyada kirgizilgen. Woni’n’ quram bo’lekleri giperonim ha’m giponim, ji’ni’s ha’m tu’r terminleri arqali’ sa’wlelendirilmekte. M.Abdiev wo’zinin’ kandidatli’q dissertaciyasi’nda giponimikali’q mu’na’sibetlerge toqtaydi’. Giperonimikali’q ha’m giponimikali’q terminlerdin’ sinonimleri retinde ji’ni’s, tu’r terminlerin qollanadi’.

Qaraqalpaq tilinin’ leksikali’q qatlamlari’, a’sirese, terminologiyali’q sistemalari’ analizlengen bir qatar jumi’slarda tematikali’q klassifikaciyalaw usi’li’nan ken’ paydalani’lg’an.

Adamzat ja’miyetinde na’reste tuwi’lg’annan keyin, wog’an at qoyi’w yen’ a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p yesaplanadi’. Ismsiz ja’miyet haqqi’nda so’z boli’wdi’n’ wo’zi mu’mkin yemes. Ayi’ri’m Arqa Sibir

[20] *Абдигалиева Б.* Быовая лексика казахского языка (Семантика, структура и источники): АКД, Алма-Ата, 1985. 5-бет.

xali'qlari'nda adam ati' ha'm ruwx bir dep qaraladi'. Jan'a Gvineyada jasawshi' bir qa'wim, yekinshi bir qa'wimdi qi'ri'p ati'ri'p adamlardan: - Ati'n' kim? Ati'n'di' ayt! – dep birim-birim talap qi'ladi' yeken. Bug'an sebep adamg'a qoyi'latug'i'n atti'n' jetispewshiligi qusaydi'. Wolardi'n' da tu'sinigi boyi'nsha, qanshama ism bolsa, sonshama jan ha'm ruwx boladi'.[21]

A'yyemgi tu'rkiy qa'wimler, evropali'lar si'yaqli' tuwi'lg'ani'nan baslap wo'mirinin' aqi'ri'na shekem bir ismge iye boli'p, turaqli' tu'rde iyelemegen. Tu'rkiy xali'qlarda adam atlari' wolardi'n' ja'miyettegi socialli'q jag'daylari'na baylani'sli' qoyi'li'p, bala waqti'nda laqap, jigitlik shag'i'nda da'reje, yeresek adamlarg'a ataq woni'n' ismi yesabi'nda berilgen.[22]

Ha'zirgi qaraqalpaq adam atlari'ni'n' qurami'nda a'yyemgi da'wirdegi tu'rkiy xali'qlardi'n' isenim ha'm ug'i'mlari'na baylani'sli' bolg'an til qatlamlari' ko'plep ushi'rasadi'. Yerte da'wirlerde wolar ta'n'ir, ay, juldi'z, taw ha'm ten'iz, ha'r qi'yli' aspan denelerine, ta'biyat ko'rinislerine ha'm sonday-aq haywanatlarg'a si'yi'ng'an.[23] Bug'an tu'rkiy qa'wimler haqqi'ndag'i' ayi'ri'm tariyxi'y dereklerde, ma'selen, Og'uzxanni'n' u'lken balalari'na *Ku'n, Ay, Juldi'z* dep qoyi'lg'anli'g'i' ayqi'n mi'sal bola aladi'.[24] Bul ismler ha'zirgi qaraqalpaq tilinde *Aysa'nem, Ku'nsuli'w, Aysuli'w, Juldi'zxan,* degen adam atlari'ni'n' qurami'nda qollani'ladi'.

Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey, qaraqalpaq adam atlari'nda haywanat ha'm quslarg'a si'yi'ni'wshi'li'qti'n' da izleri ko'rinedi. Ha'zirgi waqi'tta unamsi'z tip si'pati'nda su'wretlenip ju'rgen «qasqi'r» yamasa «bo'ri»

---

[21] *Никонов В.А.* Задачи и методы антропонимики. //Личные имена в прошлом, настоящем, будущем. М., 1970. 33-бет

[22] *Гумилев Л.Н.* Древние тюрки. М., 1967, 90-б.

[23] *Гумилев Л.Н.* Древние тюрки, 76-86-бетлер.

[24] *Кононов А.Н.* Родословная туркмен, сочинение Абу-л-гази хана хивинского. М-Л., 1958-48-б; *Щербак А.М.* Огуз-наме. Мухаббат-наме. М., 1959. 29-31-бетлер.

a’yyemgi tu’rkiy xali’qlardi’n’ si’yi’ni’wshi’ ku’shi, hu’rmetli qorg’awshi’si’ yesabi’nda tani’lg’an. Bo’ri, qasqi’r VI a’sirlerdegi tu’rkiy xali’qlarda u’lken ma’nige iye bolg’an. Qi’tay avtorlari’ni’n’ ko’rsetiwinshe, *xan* ha’m *bo’ri* (*qasqi’r*) so’zleri sinonim dep qaralg’an. Tu’rkiy qa’wimlerinin’ da’slepki xani’ *Ashina* dep atalg’an. Bul ismnin’ bo’rige baylani’sli’ qoyi’lg’anli’g’i’n ko’remiz. Ha’zirgi qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’nda haywanat ha’m quslarg’a baylani’sli’ *Bo’ribay, Ari’slan, Bari’s, Bu’rkitbay, Qarli’g’ash, Qarshi’g’a* ha’m t.b. adam atlari’ ko’plep ushi’rasadi’.

Bunday adam atlari’ yerte da’wirlerde isenim ha’m ug’i’mlarg’a baylani’sli’ qoyi’li’p kelgen bolsa, ha’zirgi waqi’tta ata-anani’n’ na’restege tilegin, balani’n’ tuwi’lg’an waqti’n ha’m t.b. belgilerdi bildiredi. Ma’selen, *Aysuli’w, Ku’nsuli’w* degen adam atlari’ «na’restenin’ ju’zi ayday, ku’ndey jarqi’rap tursi’n» degen tilegin yamasa balani’n’ tu’nde yamasa ku’ndizgi waqi’tta tuwi’li’wi’na baylani’sli’ usi’lay atag’an.

Qaraqalpaq adam atlari’ ta’biyattag’i’ boli’p ati’rg’an ha’r qi’yli’ qubi’li’slarg’a, xalqi’mi’zdi’n’ a’rman-tileklerine, isenimlerine, i’ri’m ha’m u’rp-a’detlerine ha’m t.b. sebeplerge baylani’sli’ qoyi’li’p kelgen. Ma’selen, shan’araq ag’zasi’ni’n’ birewi ketken jag’i’nan aman-yesen keliwine baylani’sli’, sol shan’araqta tuwi’lg’an balag’a *Amanbay, Amangeldi, Esengeldi* usag’an atlardi’n’ qoyi’li’wi’ sol waqi’ttag’i’ waqi’yalarg’a baylani’sli’ bolg’an.

Qaraqalpaq antroponimlerinde ko’zge tu’setug’i’n na’rse – bul i’ri’m ha’m u’rp-a’detlerge baylani’sli’ adam atlari’ boli’p yesaplanadi’. Bunday adam atlari’ tek qaraqalpaqlarg’a yemes, basqa xali’qlarda da ken’ tarqalg’an. Ma’selen, Iran xalqi’nda, yeger bir adam awi’rsa woni’n’ ati’n

wo’zgertip, ko’zden, a’jel duzag’i’nan aljasti’ri’p, aman ali’wg’a boladi’ dep yesaplang’an. XVII a’sirde wo’mir su’rgen Iran Shaxi’ Safi uzaq dawam yetken keselge shati’lg’an. Ha’tteki sol waqi’ttag’i’ ataqli’ ta’wiplerde woni’n’ keselinin’ dawasi’n taba almag’an. Shaxti’n’ juldi’z sanawshi’lari’ woylasa woti’ri’p: «qanday da bir ka’ramatli’ ku’sh shaxi’mi’zg’a awi’ri’w jiberip tur, sonli’qtan woni’n’ ati’n wo’zgertsek, wol aljasadi’» degen niyet penen shaxqa ati’n wo’zgertiwdi usi’nadi’. Iran shaxi’ bul usi’ni’sti’ maqul dep yesaplaydi’ ha’m saltanatli’ jag’dayda *Sulayman* degen atti’ qabi’l yetken. Solay yetip, Iran shaxi’ *Safi* ha’m *Sulayman* degen atlar menen tariyxta belgili.[25] Adam atlari’ni’n’ ta’biyattan ti’s qa’ha’rli ku’shten saqlaw maqsetinde, i’ri’m retinde qoyi’lg’an, shan’araqta balalar shetney bergeni ushi’n qa’ha’rli ruwhlardi’ quwi’w ushi’n qoyi’lg’an. Mine usi’ i’ri’mg’a baylani’sli’ at qoyi’w, at wo’zgertiw a’deti qaraqalpaqlarda da bolg’an. Ayi’ri’m jag’daylarda ha’r qi’yli’ sebeplerge baylani’sli’ na’resteler ayi’-ku’ni jetpey shala tuwi’ladi’. A’dette bunday jag’daylarda tuwi’lg’an balani’ diywalg’a shege qag’i’p malaqayg’a sali’p ildirip qoyadi’ ha’m wolarg’a *Shalaxan, Ileker* dep at beredi. Bul atlar yer jetkenge shekem saqlani’p, son’i’nan basqa atlarg’a hu’jjetlestirilip wo’zgertiledi. Ayi’ri’m jag’daylarda da’slepki atlar da hu’jjetlestirilip jiberiledi. Sonday-aq geypara shan’araqlarda tek qi’zlar tuwi’la berse kelesi tuwi’lg’an qi’zlarg’a yendigisi ul bolsi’n degen niyet penen *Ulbosi’n, Ultuwg’an, Ug’i’lay, Uljan, Ulxan, Jan’i’lay* degen atlardi’ qoyi’w a’detke aylang’an. Yeger shan’araqta da’slepki tuwi’lg’an na’resteler shetney berse, kelesi tuwi’lg’anlardi’n’ wo’mirin tilep ism qoyadi’. Bul qubi’li’s tek qaraqalpaqlarda g’ana yemes, al basqa tu’rkiy xali’qlarda da ushi’rasadi’: *Tursi’nbay, Turg’anbay,*

---

[25] *Гафуров А.* Лев и Кипарис (о восточных именах). М., 1971. 7-бет.

*Ko'pju'rsin,* ha'm t.b. Ko'p balali' shan'araqlarda tuwi'lg'an genje balalarg'a *Genjebay, Genjemurat, Toqtasi'n, Toqtarbay* si'yaqli' atlardi' qoyadi'.

Basqa du'nya xali'qlari' si'yaqli', qaraqalpaq antroponimlerinde ko'zge tu'setug'i'n na'rse – sanli'qlarg'a baylani'sli' atlar. T.Januzaqov qazaq antroponimlerdin' qurami'nda to'mendegi sanli'qlardi'n' ushi'rasatug'i'nli'g'i'n ko'rsetedi: 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 20, 30, 40, 50, 60, 70, 80, 90, 100, 1000, 10000[26]. Qaraqalpaq antroponimleri boyi'nsha ji'ynalg'an materiallarda joqari'da ko'rsetilgen sanli'qlardi'n' ha'mmesi ushi'raspaydi'. Sanli'qlarg'a baylani'sli' qoyi'lg'an qaraqalpaq adam atlari' sol shan'araqtag'i' ag'zalardi'n' sani'n, wolardi'n' jas wo'zgesheligin ha'm uzaq wo'mir su'riwin bildirip keledi. Ma'selen, shan'araqtag'i' balalardi'n' sani'na qaray *Birbari'm, Besim, Besligu'l, Alti'bay, Jetibay, Segizbay, Tog'i'zbay,* tuwi'lg'anda a'kesinin' ha'm atasi'ni'n' jasi'na qaray, *Woti'zbay, Qi'rqbay, Yeliwbay, Alpi'sbay, Jetpisbay, Seksenbay, Toqsanbay,* al *Ju'zbay, Mi'n'bay, Tu'menbay* ismleri balani'n' wo'mirinin' uzaq boli'wi' ushi'n qoyi'lg'an ismler boli'p yesaplanadi'. Yegiz tuwi'lg'an na'restelerge Y*egizbay, Qosnazar, Qosmuxammed, Qosda'wlet, Qosjan, Yu'sip, Zi'li'yha* si'yaqli' atlar qoyi'ladi'. Qaraqalpaq adam atlari'ni'n' qurami'ndag'i' arabsha *Ra'wiya* ismi «to'rtinshi» degen ma'ni an'latadi'.

Qaraqalpaq adam atlari'n qoyi'wdag'i' u'rp-a'detlerdin' biri na'restenin' tuwi'lg'an waqti'n woni'n' ati' arqali' belgilew boli'p tabi'ladi'. Bunday atlar to'mendegi waqi'yalarg'a baylani'sli' qoyi'ladi':1) *ku'n ati'na baylani'sli' Piyshenbay, Jumabay, Sa'rsenbay* ha'm t.b. Geypara atlar bayram atlari' menen atali'p na'rsetenin' qaysi' ku'nde tuwi'lg'anli'g'i'n

---

[26] *Джанузаков Т.* Очерк казахской ономастики. Алма-Ата, 1982, 13-бет.

an'latadi': *Nawri'zbay* (21-mart); *Jen'isbay* (9-may); *Tazagu'l* (1-yanvar); *Bayrambay* (Bayram ku'nleri) ha'm t.b. 2) *Ay ati'na baylani'sli'*: *Saparbay, Orazbay* (Oraza ayi'); ha'm t.b;

Qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' ko'pshilik bo'legin arabsha ha'm pari'ssha atlar quraydi'. A'lbette, arabsha ha'm parsi'sha atlardi'n' ba'rin diniy atlar dep qarawg'a bolmaydi'. Ma'selen, *Baxi't, Da'wletbay, Sabi'r, A'dil, Maqset, Murat, Iqlas, Qabi'l, Qa'dir, Kamal, Quwat, G'ayrat* ha'm t.b. yer adam atlari'nda xali'qti'n' jaqsi'li'qqa bolg'an a'rman-tilekleri bildirilgen.

Islam dininin' Worta Aziyada ken' tarqali'wi' bul jerde jasawshi' xali'qlardi'n' ruwxi'y turmi'si'nda, wolardi'n' balag'a ism qoyi'w a'detleri ha'm da'stu'rlerine de u'lken ta'sir ko'rsetti.

Bul da'wirge kelip, ism qoyi'wdi'n' islamg'a deyin bolg'an tu'rkiyshe u'rp-a'detleri *islamsha, musulmansha* ataw a'detleri menen almasa basladi'. Bo'pege ism beriw iyshan ha'm mollalardi'n' qoli'na wo'tti. Bo'pege ism beriw islam dininin' belgili bir talaplari'n wori'nlaw tiykari'nda a'melge asi'ri'latug'i'n bolg'an. Ma'selen, bo'penin' qulag'i'na azan ayti'w, bo'pege diniy tu'siniktegi ismler tan'law.

Sol sebepli qaraqalpaq adam atlari' fondi'ni'n' bir bo'legin diniy mazmundag'i' shi'g'i'si' arabsha ismler quraydi'. Bul ismler qaraqalpaqlarg'a Worta Aziyag'a islam dini ken' tarqalg'annan keyin, jergilikli xali'q musulmanshi'li'q a'detlerine da'stu'rlerine a'mel qi'la baslang'annan keyin kirip keldi.

Islam dininin' talabi'na ko're, musulmanlardi'n' perzentlerine qoyi'latug'i'n ism Allani'n' ati' menen teppe-ten' kelip qalmawi', wonnan joqari' turmawi' kerek. Sol sebepli, a'dette, Allani'n' isminen jasalg'an

ismlerdin’ qurami’nda arabsha abd *«qul»* so’zi keledi: *A’bdiraxman* (ra’him), *A’bdirazaq* (ri’sqi’, nesiybe), *A’bdika’rim* (saqi’y, saxawatli’).

Qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ belgili bo’legin (topari’n) aqi’ri’ – ulla komponenti menen tamamlanatug’i’n adam atlari’ quraydi’: *Abdulla* (bendesi).

Perzenttin’ du’nyag’a keliwi ha’m saw-salamat u’lkeyiwin ha’r tu’rli diniy tu’siniklerge baylani’sti’ri’w ha’m sog’an sa’ykes ra’wishte ism tan’law arqali’ ata-analar, bir jag’i’nan, bo’penin’ musulman perzenti yekenin ko’rsetse, yekinshiden, bul diniy mazmung’a iye ism jas go’dekti ha’r tu’rli ba’le-qadalardan, baxi’tsi’zli’q ha’m wo’limnen saqlaydi’, - dep isengen.

Qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’nda aqi’ri’ *din, atdin* so’zi menen tamamlanatug’i’n bir qatar ismler bar. Wolardi’n’ ko’pshiligi usi’ isenimnin’ na’tiyjesi: *Ta’jetdin, Siypatdin, Karamatdin, Kamalatdin* ha’m t.b.

Bunday diniy mazmundag’i’ shi’g’i’si’ arabsha bir qatar ismler waqi’tlar wo’tiwi menen paydalani’wdan shi’g’i’p basladi’, wolardi’n’ birazi’ umi’ti’ldi’.

Diniy tu’siniktegi arabsha ismler menen bir qatarda, wolardi’n’ tap usi’nday tu’siniklerdi bildiretug’i’n qaraqalpaqsha kalka ha’m awdarmalari’ qatar qollani’lg’ani’n ko’remiz: *Ta’n’irbergen, Allambergen, Qudaybergen.*

Ko’p a’sirler dawami’nda qaraqalpaqlarg’a bir waqi’tlari’ kirip kelgen shi’g’i’si’ arabsha yamasa parsi’sha bolg’an bir qatar ismler ha’zirgi waqi’tta qaraqalpaqlardi’n’ milliy adam atlari’na aylang’an. Sol sebepli ha’zir negizinde diniy tu’sinikler jatatug’i’n arabsha ismler (*Abdulla*) qaraqalpaqlardi’n’ perzentlerine yendilikte a’piwayi’ adam ati’, qaraqalpaqsha milliy ism si’pati’nda qoyi’ladi’.

Buri’ng’i’ sovet da’wirinde ja’miyetlik wo’zgerislerge baylani’sli’ qaraqalpaq antroponimlerinin’ qurami’nda jan’a adam atlari’ payda bola basladi’. Bul atlar, tiykari’nan alg’anda, rus tili arqali’ kelip kirdi. Solay yetip, ha’zirgi qaraqalpaq adam atlari’n qoyi’w da’stu’rinde tek ta’riplew, tilek ma’nisindegi atlar g’ana yemes, sonday-aq belgilew ma’nisindegi atlardi’ qoyi’w da a’detke aylandi’. 1917-ji’lg’a shekemgi qaraqalpaq adam atlari’ ta’riplew ha’m tilek ma’nisindegi adam atlari’ boldi’. Wolardi’n’ ko’pshiligi wo’z so’zlik qatlamnan ali’ni’p, ma’nilik jaqtan nege tiykarlani’p qoyi’lg’anli’g’i’ bilinip turadi’. Belgilew atlari’ ko’binese basqa tillik qatlamlardan ali’ni’p, tiykarg’i’ ma’nisi ani’qlanbaydi’ da, tek jasalma qa’siyetke iye boladi’. Bunday adam atlari’n tan’lap ali’w wolardi’n’ qanday ma’nili so’zlerden kelip shi’qqanli’g’i’ esapqa ali’nbaydi’.

Uli’wma alg’anda, ha’r bir qoyi’lg’an ism mazmung’a say, xali’qti’n’ milliy til wo’zgesheligin ko’rsetip, ta’rbiyali’q qa’siyetke iye boli’p zaman ag’i’mi’na sa’ykes qoyi’lsa, kewilge muwapi’q bolar yedi. Sol waqi’tta xali’qti’n’ at qoyi’w ma’deniyati’na, a’sirese til ma’deniyati’na ayri’qsha itibar berilgen boladi’.

Menshikli atlardi’n’ wo’zine ta’n ma’nilerin ani’qlawda ha’r qi’yli’, ha’tteki qarama-qarsi’ pikirler de ushi’rasadi’.

A.G.Shayxulov menshikli atlardi’n’ ma’nileri tuwrali’ u’sh tu’rli ko’z-qarasti’n’ boli’p kelgenligin ko’rsetedi: birinshiden, geypara avtorlar (L.M. Shetinin, O.Jdanov, V.Nikonov, M.Sharashovalar) adam atlari’ni’n’ ma’ni ha’m tu’sinikke iye yekenligin bildiredi; yekinshiden, ayi’ri’m ilimpazlar, ma’selen, E.M.Galkina-Fedoruk: «Menshikli atlar ma’nige de, tu’sinikke de iye yemes, wolar tek ayi’ri’m ko’rsetiwshi belgi» - dep ko’rsetedi; u’shinshiden, A.A.Reformatskiy, O.S.Axmanova, A.B.Superanskaya ha’m

t.b. izertlewshiler menshikli atlar ma'nige iye, biraq wolardi'n' tu'sinik penen baylani'si' joq dep yesaplaydi'.[27] Ha'zirgi izertlewshilerdin' ko'pshiligi son'g'i' u'shinshi ko'z-qarasti' quwatlaydi'.

A.V.Superanskaya menshikli atlardi'n' ma'nilik wo'zgesheliklerin ani'qlawda Dj.St.Mill, A.Gardiner, G.Suit, K.A.Allendorf, G.O.Vinokur, A.A.Reformatskiy, B.A.Nikonov, A.S.Axmanovalardi'n' aytqan pikirlerin yesapqa ala woti'ri'p, wo'zinin' isenimli ko'z-qarasi'nda bildiredi: «ha'r qanday menshikli at qandayda bir ma'nige iye boladi'. Menshikli atlar tu'sinikler menen baylani'sli' bolmag'anli'qtan, wolardi'n' tiykari'n tu'siniw ushi'n woni'n' qanday predmetke qatnasli' yekenligin ani'qlap, wol predmettin' tu'sinik penen qatnasli'g'i'n bilip, sonnan keyin sol konkret predmettin' qalay atalatug'i'nli'g'i'n ani'qlaw kerek».[28]

Menshikli atti'n', haqi'yqati'nda da tu'sinik penen baylani'si' joq, degen menen, wol belgili bir ma'nige iye boladi'. Ma'selen, *Bu'rkit, Bo'ribay, Qoshqarbay,* si'yaqli' adam atlari'nan wolardi' bu'rkit, bo'ri, qoshqar si'pati'nda tu'sinbeymiz. *Bu'rkitbay, Bo'ribay, Qoshqarbay* ismleri «alg'i'r, ma'rt, ku'shli» bolsi'n degen tilekke baylani'sli' qoyi'ladi'.

V.A.Nikonov tu'rkiy tillerdegi *Arslan* degen adam ati'n semantikali'q jaqtan «haywanatlarg'a baylani'sli'» toparg'a kirgiziwdin' wori'nsi'z yekenligin yeskertti. Wol bul atti'n' qoyi'li'wi'nda ata-anasi' balani' to'rt ayaqli' haywang'a ten'ep yemes, al ari'slanday ku'shli, bati'l boli'wi'n woylag'an dep ko'rsetedi. Sonday-aq, avtor tu'rkmenshe *Tavshan* (qoyan), altaysha *Chi'chqan* (ti'shqan) si'yaqli' atlardi'n' da *Arslan* menen birgelikte

---

[27] *Шайхулов А.Б.* Татарские и башкирские личные имена тюркского происхождения. Уфа. 1983, 5-6-бетлер.

[28] *Суперанская А.В.* Общая теория имени собственного. М., 1973, 262-263-бетлер.

«Haywanatlar menen baylani’sli’ toparg’a» yengiziliwi qolaysi’z dep yesaplaydi’. Solay yetip, wol «Atti’n’ semantikasi’ – at jasawshi’ so’zdin’ ma’nisi arqali’ yemes, al sol so’z arqali’ atawshi’ni’n’ atag’an na’rsege tu’sinigi arasi’ndag’i’ qatnas»[29] - degen juwmaqqa keledi.

A’lbette, bul jerde *Arslan* dep atalg’ani’ menen ku’shli, bati’l boli’p shi’qpay, kerisinshe na’zik, ileker, qorqaq boli’p shi’g’i’wi’ da mu’mkin. Sonli’qtan, adamni’n’ atlari’, woni’ atawshi’ so’z arqali’, yamasa sol so’zdin’ qosi’mta ma’nisi arqali’ «solay boladi’» dep tu’siniw retsiz. Ma’selen, «Arslan-ku’shli haywan», - degende biz woni’ haywan si’pati’nda tu’sinemiz de, «Yernazar – arslan jigit yedi» - degende biz Yernazardi’ ku’shli, bati’r, qori’qpaytug’i’n, ma’rt si’pati’nda tu’sinemiz. Birinshisi tuwra ma’nide boladi’ da, yekinshisi awi’spali’ ma’nide.

Son’g’i’ waqi’tlari’ onomastlar arasi’ndag’i’ ha’r qi’yli’ sheshimge iye boli’p kiyati’rg’an ma’selelerdin’ biri – adam atlari’ni’n’ klassifikaciyasi’. Rus tilindegi adam atlari’n A.M.Selishev 19 toparg’a, belorus tilindegi adam atlari’n N.V.Birillo 34 toparg’a, wo’zbek tilindegi adam atlari’n E.Begmatov 19 toparg’a bo’lip qarag’an. Vengr tyurkologi’ L.Rashonidin’ klassifikaciyasi’ boyi’nsha, adam atlari’n u’lken u’sh toparg’a bo’lip, ha’r bir topardi’ adam atlari’n qoyi’wdag’i’ sebepke, baylani’sli’ ha’r qi’yli’ shaqaplarg’a bo’lip qaraydi’.[30] Tu’rkiy tillerdegi adam atlari’ da leksika-semantikali’q jaqtan L.Rashonidin’ klassifikaciyasi’na sa’ykes

---

[29] *Никонов В.А.* Имя и общество. М., 1974, 94-95-бетлер.

[30] Бул бойынша қараңыз: *Никонов В.А.* Имя и общество. М., 1974, 96-103-бетлер; *Шайхулов А.Г.* Татарские и башкирские личные имена тюркского происхождения. АКД. М., 1978, 190-198-бетлер.

qa’lipleskenlikten, qaraqalpaq adam atlari’nda usi’ klassifikaciya tiykari’nda u’sh toparg’a bo’lip qarawdi’ maqul ko’rdik.

*Ta’riplew ismleri.* Bunday ismler tuwi’lg’an balani’n’ ha’r qi’yli’ jag’daylari’na, tuwi’lg’an waqti’na ha’m sol waqi’ttag’i’ boli’p wo’tken waqi’yalarg’a, ata-analar tuwrali’ mag’li’wmatlarg’a baylani’sli’ qoyi’ladi’.

Baladag’i’ belgilerge baylani’sli’ qoyi’lg’an ismler: a) tu’ri-tu’si: *Sari’bay* ha’m t.b; b) denesindegi wo’zgesheliklerge baylani’sli’ qoyi’lg’an ismler: *Qalbay, Qalli’bek, Men’limurat, Men’libek* ha’m t.b.

Shan’araqtag’i’ balalardi’n’ sani’na baylani’sli’ qoyi’lg’an ismler: a) bala sani’: *Alti’bay, Segizbay, Jetibay, Tog’i’zbay, Egizbay, Qosbawli’, Qosda’wlet, Qosnazar, Qosjan, Qosi’bay* ha’m t.b.

Ata-analari’ni’n’ jasi’: *Qi’ri’qbay, Eliwbay, Alpi’sbay, Jetpisbay, Seksenbay, Toqsanbay* ha’m t.b.

Tuwi’li’w jag’daylari’na baylani’sli’ qoyi’lg’an ismler: *Shalabay, Amanbay, Amangeldi, Yesengeldi, Yesenbay* ha’m t.b; anasi’ni’n’ jas bosani’w jag’dayi’. Bunday atlarg’a qaraqalpaq tilinde *An’satbay* degen atlardi’ kirgiziwge boladi’, olar siyrek ushi’rasadi’.

V.A.Nikonov usi’nday jag’daylarg’a baylani’sli’ adam atlari’ni’n’ tu’rkiy tillerinde ilimpazlar ta’repinen so’z etilmegenin ko’rsetedi;[31] v) tuwi’li’w waqti’: *Ayjari’q* - na’reste tuwi’lg’an waqti’nda ay su’ttey appaq jari’q bolg’an.

*Bazarbay,* (bazar ku’nleri tuwi’lg’an), *Bayrambay* (ha’r qi’yli’ sa’nelerdegi bayram ku’nleri tuwi’lg’an), *Gu’zbergen* (gu’zde tuwi’lg’an), *Biysen, Biysenbay, Piyshenbay* (piyshembi ku’ni tuwi’lg’an), *Yerejep, Yerejepbay* (Yerejep ayi’nda tuwi’lg’an), *Jamg’i’rbay* (jawi’n jawi’p

---

[31] Никонов В.А. Имя и общество. М., 1974, 96-б.

turg'anda tuwi'lg'an), *Jazmurat* (jazda tuwi'lg'an), *Jen'isbay,* (jen'is ku'ni tuwi'lg'an), *Jumabay, Jumamurat, Jumanazar,* (juma ku'ni tuwi'lg'an), *Qarli'bay, Qarjawbay* (Qar jawi'p turg'an waqi'tta tuwi'lg'an), *Nawri'z, Nawri'zbay* (Nawri'z bayrami'nda tuwi'lg'an), *Ramazan* (Ramazan ayi'nda tuwi'lg'an), *Saparbay, Saparg'aliy, Saparniyaz, Sapari'mbet,* (Sapar ayi'nda tuwi'lg'an), *Sa'rsenbay, Sa'rseng'aliy,* (sa'rshembi ku'ni tuwi'lg'an) *Tan'atar, Tan'bay, Tan'jarbay* (tan' ati'p kiyati'rg'anda tuwi'lg'an), *Nurulla, Nurmurat, Nuratdin, Nurniyaz, Nuri'mbet, Nurnazar, Nurg'aliy, Nurbergen,* (ku'nnin' nuri', sa'wlesi tu'sip turg'an waqi'tta tuwi'lg'an), *Saylawbay* (saylaw ku'ni tuwi'lg'an) ha'm t.b.; g) tuwi'lg'an orni'na, ma'kani'na baylani'sli'**:** *Alg'abas, Aralbay, Buxarbay, Da'ryabay, Da'wqara, Yedilbay, Yedilbek, Jaylawbay, Jayi'q, Zayi'rbay, Moynaqbay, Wormanbay, Wotarbay, Tawbay, Tawasar, Tawmurat, Tashkenbay, Ten'izbay, Tog'aybay, To'rtku'lbay, U'rgenishbay, Shi'mbay,* ha'm t.b.; d) birinshi ko'ringen na'rsege baylani'sli': *Qi'li'shbay, Baltabay, Baltaniyaz, Nayzabay, Woraqbay, Sawi'tbay.* Yertede na'reste tuwi'lg'an waqi'tta qi'li'sh, balta, woraq, kindik kesiw maqsetinde jumsalg'an. Nayza, sawi't si'yaqli' qurallari' da ta'biyattan ti's qa'ha'rli ruwxlardi'n' ku'shin qaytaradi' dep yesaplap, adamlar wolardi' tuwi'lg'an jerge ko'rsetip ilip qoyg'an. Bul atlar son'g'i' waqi'tlari' qi'li'shtay, baltaday, woraqtay, nayzaday wo'tkir, keskir, sawi'ttay bekkem bolsi'n degen tilekti de an'latadi'; s) ata-anani'n' sezimlerine baylani'sli': *Arzi'wbay, Arti'qbay, Asqarbay, A'ziz, A'zizbek, Jetkergen, Jubani'sh, Jubatqan, Zi'yat, Zi'yatbay, Maqset, Murat* (tilek), *Niyetbay, Niyaz* (si'yli'q), *Baxi't, Wo'tegen, Su'yew, Su'yindik, Sag'i'ndaq, Su'yinish, Quwandi'q, Quwani'sh, Tan'si'q, Iqlas, Ti'ni'shli'q, Jaqsi'li'q, Shadli'q,* ha'm t.b; j) uri'w-qa'wimge

baylani’sli’: *Ja’dik, Qon’i’ratbay, Qi’yatbek, Qi’yatbay, Qi’pshaqbay, Man’g’i’tbay, Mu’ytenbay, Qanli’bek, Tu’rkmenbay, Qazaqbay, Xojabay* ha’m t.b.; z) tuwi’sqanli’q-qatnasqa baylani’sli’: *Jiyenbay, Ag’abek, Atabek, Babaniyaz, Yenejan, Atabay, Ataniyaz, Atajan, Atanazar* ha’m t.b.

*Tilek atlari’.* Bul toparg’a tuwi’lg’an na’reste ushi’n jalbari’ni’w, jali’ni’w, arbaw, duwa qi’li’w si’yaqli’ ha’r qi’yli’ tileklerge baylani’sli’ atlar kiredi. Wolar adamni’n’ «si’rli’ du’nya» menen tikkeley qatnasi’wi’na isenimnin’ na’tiyjesinde payda bolg’an.

Tuwi’lg’an balag’a **u**zaq jas ha’m amanli’q tilew: *Bektursi’n, Januzaq, Ju’zbay, Ju’zmurat, Ko’pju’rsin, Mi’n’bay, Wo’mirbay, Wo’mirzaq, Wo’mirniyaz, Tursi’nbay, Tursi’nmurat, Uzaqbergen, Uzaqbay, Tumenbay,* ha’m t.b.; bayli’q, baxi’t, abi’roy, ulli’li’q, darxanshi’li’q, tabi’s tilew: *Baybolsi’n, Baqbergen, Baxti’bay, Baxi’tbek, Yerkinbay, Sultanbek, Mi’rzabay, A’mir, Baxti’yar, Abatbay, Azamat, Darxanbay, Da’wlet, Da’wletbay, Da’wletyar, Da’wletniyaz* (parsi’ tilinde *niyaz* – si’yli’q, sawg’a), *Imanbay* (iymani’ bay bolsi’n degen ma’nide), *Qoyli’bay, Mayli’bay, Qutli’, Quti’bay, Qutli’murat, Toli’bay, Toqbay, Hu’rmet, Hu’rmetulla, Ri’sbay, Ri’snazar, Toqpolat* ha’m t.b.; yerju’rek, bati’r, bekkem, ku’shli, wo’tkir boli’wi’na tilekleslik: *Almas, Arslanbay, Bati’r, Bahadi’r, Bekpolat, Yerali’, Yerbosi’n, Yerpolat, Wo’tkirbay, Polatbay, Bari’s, Taspolat, Sherniyaz, Shernazar, Shi’npolat, Shi’ntemir* ha’m t.b.; minez-quli’q, pa’klik tilew: *Aqi’lbay, Aqi’lbek, Jayli’bay, Saqi’y, Da’libay, Danabay, Yerkebay, Jaqsi’li’q, Jaqsi’bay, Hasi’lbek,* ha’m t.b.

Balani’n’ salamatli’g’i’n tilew: Bunday atlar na’restenin’ suq ko’zden, qa’ha’rli a’rwahlardi’ aldap-arbaw maqsetinde qoyi’ladi’: *Tabi’ldi’, Sati’paldi’, Shalabay,* ha’m t.b.; Shan’araqtag’i’ na’resteler shetney

bergennen keyin kelesi tuwi’lg’an perzentinin’ amanli’g’i’n tilep: *Tursi’nbay, Tursi’nmurat, Turg’anbay,* ha’m t.b.; Shan’araqtag’i’ tuwi’lg’an ul-qi’zlardi’n’ jetkilikli boli’wi’na baylani’sli’: *Toqtarbay, Genjebay, Genjenazar, Genjemurat,* ha’m t.b.

*Bag’i’shlaw, arnaw atlari’.* Ha’zirgi waqi’tqa shekem xali’qti’n’ sana-seziminde saqlani’p kelgen wo’tkendegi tu’siniklerge baylani’sli’ atamalar ha’m tariyxta wo’z izlerin qaldi’rg’an belgili adamlardi’n’ atlari’n tuwi’lg’an na’restege yestelik retinde arnap qoyi’w.

*Totem atlari’.* Totem atlari’ni’n’ adam atlari’ retinde qollani’li’wi’ ju’da’ quramali’ ma’selelerdin’ biri. Tu’rkiy xali’qlari’nda totemizmnin’ kelip shi’g’i’wi’ uri’wli’q du’zimnin’ payda boli’wi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’. A’yyemgi xali’qlar ha’r qi’yli’ haywanatlardi’, quslardi’, wo’simliklerdi, tan’balardi’ ha’m t.b. qubi’li’slardi’ ka’ramatli’ ku’sh retinde tani’p, wolarg’a hu’rmet-izzet penen qarag’an ha’m solarg’a si’yi’natug’i’n bolg’an. A.M.Zolotarev Sibir xali’qlari’ni’n’ ishinde 20 qa’wimnin’ usi’nday janli’-ja’niwarlardi’, belgilerdi, qubi’li’slardi’, atap aytqanda ayi’wdi’, bu’rkitti, jolbari’sti’, bari’sti’, aqquw, g’az, ji’lan, wo’giz, tan’ba ha’m t.b. haywanatlardi’ totem yetip alg’anli’g’i’n ko’rsetedi.[32]

S.P.Nesterov Worayli’q Aziya xali’qlari’ni’n’ a’yyemgi da’wirlerde atqa, sayg’aqqa, qoyg’a, qulang’a, si’yi’rg’a, qoyang’a, bu’rkitke, qasqi’rg’a, jolbari’sqa, suwi’ng’a, g’azg’a, kiyikke hu’rmet penen qarag’anli’g’i’n ha’m wolardi’n’ su’wretlerin tasqa woyi’p jazg’anli’g’i’n aytadi’.[33] E. Begmatov: «Turkiy tillerinde qasqi’rg’a baylani’sli’ *(Buri, Bwriboy, Bwrioy),* terekke baylani’sli’ *(Wrmon, Wrmonoli, Chinorboy),* sonday-aq wo’simlikke

---

[32] *Золотарев А.М.* Пережитки тотемизма у народов Сибири. Л., 1934, 49-51-бетлер.
[33] *Нестеров С.П.* Конь в культах тюркоязычных племен Центральный Азии в эпоху средневековья. Новосибирск. 1990, 92-104-бетлер.

baylani'sli' *(Evshanboy, Entokboy)* ha'm t.b. totem atlari' ju'da' xarakterli»[34] - dep ko'rsetedi. T.X.Kusimova a'yyemgi bashkurt antroponimlerinde totem atlarg'a baylani'sli' tiykarg'i' ko'zge tu'setug'i'n na'rse. ayi'w ha'm qasqi'rg'a *(Ayi'wqa, Ayi'wxan, Ayi'wkas, Akbure, Burexan, Qashqar)* ha'm t.b. baylani'sli' atlar yekenligin atap wo'tedi.[35]

Mine usi'nday totem atlar qaraqalpaq adam atlari'ni'n' qurami'nda da gezlesedi. Ma'selen haywanlarg'a baylani'sli' *(Bo'ribay, Bo'rixan, Ji'lqi'bay, Kiyikbay* ha'm t.b.) Qaraqalpaqsha *Qoblan* degen at a'yyemgi tu'rkiy tillerinde *qaplan*-jolbari's[36] degen ma'ni an'latsa, al tungusmanchujr tillerinde *Qoblan-ayi'w*[37] degen ma'nide qollani'ladi'. Sonday-aq tereklikke baylani'sli' *(Tog'ay, Tog'aybay, Wormanbay, Jiydebay, Ji'n'g'i'lbay, Qaraman,* ha'm t.b.), quslarg'a baylani'sli' *(G'arg'abay, Qorazbek)* adam atlari' jiyi ushi'rasadi'.

Allag'a, qudayg'a, ta'n'irge, payg'ambarg'a ha'm wolardi'n' saqabalari'ni'n' atlari'na baylani'sli', diniy ug'i'mdi' u'gitlewshi, sonday-aq aspan denelerine si'yi'ni'wdan payda bolg'an adam atlari': *Allambergen, Qudaybergen, Tan'irbergen, Tan'ir, Sulayman,* (a'yyemgi evrey tilinde solomon-ti'ni'sh, paraxat, qozg'alg'an), *Ibrayi'm* (a'yyemgi evrey tilinde Avraam-xali'qti'n', yeldin' a'kesi, atasi'), *Isaq* (a'yyemgi evrey tilinde Isak-ku'ldi, ku'lgen), *Yaqi'p* (a'yyemgi evrey tilinde) *Iakov* «izinen ju'riwshi», qaraqalpaqsha Izbasar degen atqa jaqi'nraq keledi); *Yusip* (a'yyemgi evrey tilinde *Iosif* «ko'beysin, ko'p bolsi'n, qaraqalpaqsha *Ko'bey, Ko'beysin* degen atqa jaqi'n); *Muwsa* (a'yyemgi evrey tilindegi *Moisey* – suwdan shi'g'ari'p ali'ng'an bala). *Ismayi'l* (a'yyemgi evrey tilinde – alla senin'

---

[34] *Бегматов Э.* Антропонимика узбекского языка. АКД. Ташкент, 1965, 8-бет.
[35] Кусимова Т.Х Древнебашкирские антропонимы. АКД. Уфа, 1975, 9-бет.
[36] Древнетюркский словарь. Л., 1969, 421-бет.
[37] Сравнительный словарь тунгусо-маньчужурских языков. т, 1 Л., 1975, 402-бет.

qi'ynalg'ani'n esitti); *Dawi't* (a'yyemgi evrey tilinde su'yikli, su'ygen, ashi'q bolg'an); *Iysa* (a'yyemgi evrey tilinde – alla si'yli'g'i', alla qutqaradi', allani'n' qayi'rqomli'g'i'); *Muxammed* (payg'ambar ati', arabsha - maqtawli'); A'buba'kir (sha'riyar ati', *Ba'kir* – arabsha «izertlewshi»); *Womar* (sha'riyar ati', arabsha - wo'mirlik); *A'liy* (sha'riyar ati', arabsha-biyik joqari').

Tariyxi'y g'ayratkerlerdin' atlari'na baylani'sli': *Aydos* (XIX a'sirdin' basi'nda xali'q azatli'g'i' ushi'n gu'resken qaraqalpaq biyi); *Alpami's, Qoblan, Sha'riyar* (qaraqalpaq da'stanlari'ni'n' bas qaharmanlari', bati'rlari'); *A'jiniyaz* (shayi'r A'jiniyaz Qosi'bay uli'), *Berdaq* (shayi'r Berdaq G'arg'abay uli'); *A'liysher* (wo'zbek shayi'ri' A'liysher Nawayi'); *Yernazar* xali'q azatli'g'i' ushi'n gu'resken qaraqalpaq biyi) ha'm t.b.

Bul ismlerdin' qoyi'li'wi', a'lbette, qaraqalpaq ata-analari'ni'n' jaqsi' niyet ha'm a'rmanlari', basqa milletlerdin' ataqli' perzentlerine, ko'rkem a'debiyat ha'm iskusstvoni'n' qaharmanlari'na hu'rmeti menen baylani'sli'.

Balani' yerkelew arqali' woni'n' ismin duri's aytpaw ha'm ha'r tu'rli formalarda wo'zgertip ayti'w ko'p jag'daylarda ismnin' formasi'ni'n' buri'li'wi'na ha'm qolaysi'z jag'daylarg'a kelip qali'wi'na sebep boladi'. Ma'selen, Baqash (Bahadi'r, Baxti'yar), Beka (Bekniyaz, Beknazar), Biybka (Biybigu'l), Jumaq (Jumabay, Jumagu'l) ha'm t.b.

A'lbette, Balani' woni'n' ati'n ayti'p yerkelew a'detin biykar etip bolmaydi'. Bul yerte da'wirden kiyati'rg'an qubi'li's.

Ismnin' shi'rayi' tek woni'n' mazmuni'nda yemes, al woni'n' duri's formasi'nda da. Mazmuni' jag'i'nan teren', formasi' jag'i'nan duri's ha'm suli'w ism – bul shi'rayli' ism, sonday-aq duri's, qa'tesiz jazi'lg'an, ayti'li'wi' an'sat ha'm qolay ism – bul da shi'rayli' ism, ata-analardi'n' wo'z

perzentine bolg’an a’rman ha’m tileklerin bildiriwshi ismler – shi’rayli’ ismler.

Tariyxi’y-etnografiyali’q jaqtan qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ ata-anani’n’ ta’biyattan ti’s qu’diretli ku’shlerge si’yi’ni’wshi’li’g’i’ usag’an baylani’sli’ belgili bir i’ri’mg’a baylani’sli’ at qoyi’w jag’daylari’ ko’plep gezlesedi. Sonday-aq ta’biyattag’i’ ha’r qi’yli’ ha’diyselerge, qubi’li’slarg’a, balani’n’ tuwi’li’w jag’dayi’na, tu’rine, waqti’na, belgili bir sa’nege, sani’na ha’m t.b. baylani’sli’ qoyi’lg’an da’stu’riy atlar ko’p ushi’rasadi’.

# II bap. Qaraqalpaq yer adam atlari’ variantlari’

## Antroponimikali’q variantlar haqqi’nda tu’sinik

Leksikologiya ha’m semasiologiyada sinonim, antonim, omonim haqqi’nda so’z barg’anda, a’dette, menshikli atlar materiallari’na itibar berilmeydi. Bul, bizin’she, eki ko’zqarastan usi’lay islenedi: 1) menshikli atlar leksikali’q ma’nige iye yemes dep yesaplanadi’ ha’m sol sebepli wolardag’i’ uqsas ha’m qarama-qarsi’ ma’nilerdi ani’qlaw qi’yi’n dep esaplanadi’; 2) menshikli atlar sistemasi’nda sinonimlik, antroponimikali’q ha’m omonimlik qatnaslar joq dep yesaplanadi’. Sog’an qaramastan, onomastikali’q izertlewlerde antroponimikali’q sinonimiya haqqi’nda so’z yetilgen. Ma’selen, V.D.Bondaletov ha’m E.F.Danilinalar russha *Nikolay – Kolya – Nika - Nikolushka – Kolyan – Kolyay - Kolka* si’yaqli’ ismlerdi sinonimler dep qaraydi’.[38]

E.Begmatov *Kwrkam, Gwzzal, Barno* ismlerin analizley woti’ri’p, bul tiptegi ismlerdin’ sinonimligin belgilewde yeki jag’daydi’ yesapqa ali’w kerek dep biledi: 1) adam atlari’ni’n’ qaraqalpaq onomastikasi’ sistemasi’nda antroponimikali’q fond si’pati’ndag’i’ jag’dayi’; 2) adam atlari’ni’n’ adamlardi’n’ menshikli ati’na aylang’an jag’dayi’. Kwrkam, Gwzzal, Barno ismleri onomastikali’q fondta ten’ a’hmiyetke iye ha’m adamlardi’n’ wolardan qa’legenin ism si’pati’nda jan’law mu’mkinshiligi bar. Mine usi’ ma’nide bul ismler sinonim bola aladi’. Sebebi, birinin’ orni’na yekinshisin almasti’ri’p tan’law mu’mkinshiligi bar. Biraq bul ismler adam ati’na aylang’annan keyin, wolardi’ almasti’ri’p qollani’w

---

[38] *Бондалетов В.Д., Данилина Е.Ф.* Средства выражения эмосионально-экспрессивных оттенков в русских личных именах. //Антропонимика. М., 1970, 196-бет.

mu’mkinshiligi joyti’ladi’. Demek, bul tiptegi adam atlari’ antroponimikali’q fondta sinonimlik jag’dayda bolg’ani’ menen adam ati’na aylang’an son’, bul belgini jog’altadi’.[39]

Onomastikali’q sistemadag’i’ variantli’li’qqa jaqi’n turatug’i’n qubi’li’slardan biri til biliminde *paralleller* dep ju’ritiledi. Til biliminde leksikali’q paralleller, onomastikali’q paralleller haqqi’nda jazi’lg’an bir qatar jumi’slar bar.[40]

Antroponimikali’q ha’m toponimikali’q paralleller haqqi’nda to’mendegi ayi’ri’m juwmaqlardi’ shi’g’ari’w mu’mkin:

1. Onomastikali’q paralleller formasi’ jag’i’nan birdey yamasa uqsas atamalardi’n’ bir waqi’tti’n’ wo’zinde ha’r tu’rli tillerde ushi’rasi’wi’.

2. Parallel atamalar ushi’rasatug’i’n tiller bir sistemag’a kiretug’i’n tuwi’sqan, tuwi’sqan tiller yamasa ha’r tu’rli sistemag’a kiretug’i’n tiller boli’wi’ mu’mkin.

3. Parallel atamalar az qatlam materiallari’ (ma’selen, yeki tu’rkiy tilde ushi’rasatug’i’n tu’rkiy qatlamg’a iye atama), basqa tillerden wo’zlestirilgen so’zlerden jasalg’an atamalar. Ma’selen, *Muhammed* (arabsha), *Nawri’z* (parsi’sha) ismlerinin’ qaraqalpaq, wo’zbek, qazaq tillerinde barabar ushi’rasi’wi’.

Variantli’li’q til birliklerinin’ sinxroniyali’q jag’dayda boli’wi’ ha’m wazi’ypani’ atqari’w boli’p, wol onomastikali’q sistema ushi’n da ta’n

---

[39] *Бегматов Э.* Ўзбек исмлари имлоси. Ташкент, 1970, 34-бет.

[40] *Нуриев Э.Б.* Азербайджанские географические термины и их параллели в Средней Азии. // Ономастика Узбекистана. Ташкент, 1987; *Мешадиев Г.* Лексические параллели в топонимический системе азербайджанского, узбекского и киргизского языков. //Ономастика Узбекстана. Ташкент. 1989; *Хапаев С.* Узбекского-карачаево-болкарские параллели гидронимов Средней Азии «Северного Кавказа. // Ономастика Ўзбекстана. Ташкент, 1989.

yekenligi so’zsiz. Onomastikali’q sistemadag’i’ variantli’li’q haqqi’nda pikir bildirilgen jumi’slardi’n’ ko’pshiliginde antroponimiya ha’m toponimiya materiallari’ analizlengen. Bul jumi’slarda variantli’li’qti’ payda yetiwshi sebeplerge stillik talap tildin’ u’nemliligi, tillerdin’ wo’z ara ta’siri yamasa obektti qayta ataw, atamani’n’ toli’q ha’m qi’sqarg’an formalarg’a iye boli’wi’, atamasi’ni’n’ a’debiy ha’m jergilikli formalari’ni’n’ boli’wi’, adam atlari’ni’n’ toli’q ha’m yerkeletiw-qi’sqarg’an formalari’, orfografiyali’q faktorlar ha’m basqalar kiredi. Variantlardi’n’ ko’rinislerine baylani’sli’ pikirlerdi uli’wmalasti’ri’w adam atlari’ni’n’ *orfografiyali’q variantlari’, fonetikali’q variantlari’, fonologiyali’q variantlari’, morfologiyali’q variantlari’, leksikali’q variantlari’n* belgilewge ja’rdem beredi.

Yer adam atlari’n ha’r ta’repleme izertlew, wondag’i’ lingvistikali’q ha’m lingvistikali’q yemes ni’zamli’qlardi’ belgilew. Usi’ maqsetti a’melge asi’ri’w ushi’n jumi’sta to’mendegi wazi’ypalar sheshildi:

1) til biliminde invariant ha’m variantli’q tu’siniginin’ analizin u’yreniw ha’m woni’n’ antroponimiya sistema variantli’li’g’i’na qatnasi’n belgilew; 2) antroponimikali’q sistemadag’i’ variantli’li’q qubi’li’si’ni’n’ tillik da’rejesin ashi’p beriw; 3) antroponimikali’q variantlardi’ ju’zege shi’g’ari’wshi’ lingvistikali’q tiykarlar ha’m ha’m sebeplerdi u’yreniw; 4) antroponimikali’q variantlardi’n’ payda boli’w jollari’n belgilew; 5) antroponimikali’q variantlardi’ leksika-semantikali’q variantlardi’ leksika-semantikali’q, orfografiyali’q jaqtan klassifikaciyalaw, wondag’i’ wo’nimli ha’m wo’nimsiz modellerdi ani’qlaw; 6) antroponimikali’q variantlardi’n’ a’debiy til sistemasi’ ha’m a’debiy til normalari’na qatnasi’n izertlew; 7) antroponimikali’q variantlardi’ a’debiy tildin’ orfografiyali’q normasi’ talabi’ ko’zqarasi’nan belgili bir normalarg’a sali’w mu’mkinshiliklerin u’yreniw.

## Qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qi'sqarg'an variantlari'

Qi'sqari'w qubi'li'si' antroponimikali'q sistemada o'nimli. Bul qubi'li'sti' tilshi ilimpazlar qi'sqari'w, tarayi'w, yerkeletiw-kishireytiw formalari' ha'm basqa terminler menen atap kelmekte.

Adam atlari'ni'n' qi'sqari'wi' haqqi'nda so'z barar yeken, bul qubi'li's yaki jag'day menen baylani'sli' yekenin ayti'w kerek:

1) ismdi qolay formada ayti'wg'a umti'li'w ha'm 2) balani' ismin ayti'p yerkelew arqali' woni'n' isminin' wo'zgeriske ushi'rawi'. Ha'r yeki jag'dayda da ism wo'zinin' negizgi formasi'nan basqasha formag'a wo'tedi. Bunday wo'zgeris adam atlari'ni'n' qurami'ndag'i' belgili bir komponenttin', buwi'nni'n', sestin' tu'sip qali'wi' yesabi'nan payda boladi'.

Adam atlari'ni'n' qi'sqari'wi' - a'debiy tildegi fonetika-morfologiyali'q ha'm akcentuaciyali'q ni'zamli'qlarg'a a'mel qi'li'wshi' lingvistikali'q qubi'li's. Adam atlari'ni'n' qi'sqari'w wo'zgesheligi milliy tildin' obektiv fonetika-morfologiyali'q ni'zamli'qlari'na tayansa da, bul qubi'li's genetikali'q jaqtan adamlardi'n' subektiv ha'reketleri, wolardi'n' adam atlari'na ko're itibarsi'zli'g'i' menen de baylani'sli'. Ma'selen, adam atlari'ni'n' ha'r tu'rli formag'a kirip qali'w qubi'li'si'n ali'p qarayi'q: *Gu'lziyra, Dilaram,* ha'm t.b. ismler Gu'lziy, Dila, formalari'nda ayti'ladi'.

Solay yetip, adam atlari'n ha'r tu'rli formalarda ayti'w, ismlerdin' qi'sqari'wi' dep atalatug'i'n qubi'li's antroponimikada bir ismnin' ha'r tu'rli variantlari'n payda yetiwde adam atlari' imlasi'ni'n' turaqli' boli'wi'na belgili da'rejede keri ta'sir yetedi. Bir ismnin' ha'r qi'yli' ayti'li'wi' adam atlari'ni'n' imlasi'nda tarti'sli' pikirlerdi keltirip shi'g'aratug'i'ni' so'zsiz.

Uli’wma alg’anda, adam atlari’n ha’r tu’rli sebeplerge ko’re buzi’p ayti’wg’a jol qoymaw kerek, al wog’an qarsi’ gu’res ali’p bari’w, adam atlari’ni’n’ ma’deniyati’n ko’teriwde a’hmiyetli faktor.

Til biliminde adam atlari’ni’n’ qi’sqarg’an formalari’n mu’mkin bolg’ani’nsha duri’s jazi’w principlerine su’yeniw kerek degen talap ha’m ko’zqaraslar bar. Adam atlari’ni’n’ ayi’ri’m qi’sqarg’an formalari’ ayti’wda ha’m a’det jag’i’nan turaqli’ qollani’lg’an boladi’ ha’m wolardi’ ilaji’ bolsa toli’q jazi’w talabi’ adam atlari’ni’n’ bazi’bir funkcional belgilerinen ju’zege keletug’i’n ayi’ri’m wo’zgesheliklerge qarama-qarsi’ kelip qaladi’.

Adam atlari’ ha’m familiyalari’ndag’i’ ayi’ri’m orfografiyali’q nuqsanlar tek lingvistikali’q sebepler menen g’ana baylani’sli’ bolmastan, ayi’ri’m subektiv jag’daylar menen de baylani’sli’. Sebebi jekke hu’jjetlerdegi (tuwi’lg’anli’q haqqi’ndag’i’ gu’wanama, pasport, attestat, diplom ha’m basqa) ism ha’m familiyalardi’n’ naduri’s jazi’li’wi’ bul hu’jjetlerdi ra’smiylestiriwshi adamni’n’ shala sawatli’li’g’i’, qaraqalpaq tilinin’ imlasi’n jaqsi’ bilmewinin’ na’tiyjesinde de ju’z beredi. Ko’pshilik jag’dayda, bunday hu’jjetlerdi qaraqalpaq bolmag’an millet wa’killeri ra’smiylestirgende ism, familiya ha’m otchestvolardi’n’ ha’m milliy, ha’m russha formasi’ russha ayti’li’wi’na sa’ykes ra’wishte jazi’la beredi. Na’tiyjede adam ati’ni’n’ milliy formasi’ buzi’ladi’. Qaraqalpaqsha ism, familiya ha’m otchestvolardi’ russha transkripciyalaw ma’selesinin’ wo’zi de arnawli’ ilimiy jaqtan qarap shi’g’i’wg’a mu’ta’j bolg’an ma’selelerden biri.

Bir quramli’ ko’p buwi’nli’ ha’m yeki yamasa u’sh quramli’ adam atlari’ barli’q du’nya xali’qlari’nda awi’zeki so’ylew tilinde toli’q ayti’li’w menen birge qi’sqarti’li’p ta ayti’la beredi. Awi’zeki so’ylew tilindegi adam

atlari’ni’n’ qi’sqari’w qubi’li’si’n ilimpazlar ha’r qi’yli’ toparlarg’a bo’lip qaraydi’. Qi’sqari’w geypara dara so’zlerden bolg’an adam atlari’ni’n’ qurami’ndag’i’ ayi’ri’m seslerdin’, buwi’nlardi’n’, yamasa morfemalardi’n’ tu’sip qali’wi’ na’tiyjesinde yamasa qospa adam atlari’ni’n’ qa’legen bir komponentinin’ tu’sip qali’wi’, yaki adam atlari’ndag’i’ son’g’i’ buwi’nlardi’n’, komponentlerdin’, morfemalardi’n’ tu’sip qali’p, woni’n’ worni’na «subektiv baha» ma’nisin an’lati’wshi’ affikslerdin’ qosi’li’wi’ na’tiyjesinde payda boladi’. E.Begmatov wo’zbek tilindegi adam atlari’ni’n’ qi’sqari’w qubi’li’si’nda tiykarg’i’ yeki faktti ko’rsetedi: 1) adam atlari’na yerkeletiwshi ma’ni beriw arqali’; 2) adam atlari’n ayti’wdi’ jen’illestiriw maqsetinde (a’sirese qospa adam atlari’n).[41] G.F.Sattarov tatarsha adam atlari’ni’n’ qi’sqari’wi’nda yeki tu’rli usi’ldi’ ko’rsetedi:[42] 1) subektiv baha ma’nisin an’lati’wshi’ affiksler arqali’ ha’m 2) adam atlari’nda geypara seslerdin’, buwi’nlardi’n’, komponentlerdin’ qi’sqari’wi’ na’tiyjesinde. A.V.Superanskaya qi’sqarg’an adam atlari’ menen yerkeletiwshi ha’m subektiv baha formali’ adam atlari’ arasi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’q haqqi’nda tu’siniktin’ ele de jeterli da’rejede ani’q yemesligine toqtaydi’. Bul haqqi’nda woni’n’ to’mendegi pikiri di’qqatqa i’layi’q: «Kishireytiwshi» termini de «yerkeletiwshi» termini si’yaqli’ so’ylewshinin’ atalg’an na’rsege subektivlik qatnasi’n bildiretug’i’n bolg’anli’qtan, woni’ adam atlari’n qi’sqarti’w processin bildiriw ushi’n qolayli’ dep qarawg’a bolmaydi’. Qi’sqarti’wdi’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ – woni’ qollani’wdi’ jen’illestiriw. Qa’legen so’zler qi’sqari’wi’ mu’mkin, al menshikli atlarda wolar birewge qarati’li’p ayti’latug’i’n bolg’anli’qtan jiyi qollani’ladi’. Adam atlari’ni’n’

---

[41] *Бегматов Э.* Антропономика узбекского языка. АКД. Ташкент, 1965, 21-бет.

[42] *Саттаров Г.Ф.* Антропонимика Татарской АССР. Казань. 1975, 39-40-бетлер.

qi’sqari’wi’ – bul birinshi gezekte strukturali’q, morfologiyali’q ha’m haqi’yqi’y obektiv process, al subektivlik baha pu’tkilley basqasha jobadag’i’ faktor, emocionalli’q, socialli’q, psixologiyali’q ha’m terminnin’ wo’zinin’ ko’rsetkenindey, ha’mme waqi’tta subektivlik jobadag’i’ faktor»[43]. Bizin’ pikirimizshe, qi’sqarg’an adam atlari’n wolardi’n’ qurami’ndag’i’ ayi’ri’m seslerdin’, morfemalardi’n’, komponentlerdin’ tu’sip qali’wi’ arqali’, al subektiv baha formali’ adam atlari’n yerkeletiwshi, kishireytiriwshi, hu’rmetlewshi ma’ni bildiretug’i’n affikslerdin’ ha’m affikslik ma’nige wo’tken so’zlerdin’ (affiksoidlardi’n’) jalg’ani’wi’ arqali’ payda bolg’an dep ayi’ri’p qarag’ani’mi’z duri’s boladi’.

Qaraqalpaq yer adam atlari’ to’mendegi fonetikali’q ha’m grammatikali’q wo’zgerisler arqali’ qi’sqarti’li’p beriledi:

a) so’z wortasi’nda ayi’ri’m sesler tu’sip qaladi’: *Tursi’murat* (Tursi’nmurat), *Yerbosi’n* (Yerbolsi’n), *Bekbosi’n* (Bekbolsi’n), *Jiyemurat* (Jiyenmurat), *A’met* (Axmet) ha’m t.b.

b) ayi’ri’m morfemalar ha’m buwi’nlar tu’sip qaladi’: *Qalqoraz* (Qalli’qoraz), *Ma’mbet* (Muxammed), *Dilimbet* (Dilmuxammed), *Qosi’mbet* (Qosmuxammed), *Ma’mbetniyaz* (Muxammedniyaz) ha’m t.b.

v) qospa adam atlari’ni’n’ son’g’i’ komponenti qi’sqaradi’: *Ha’bip* (Ha’bibulla), *A’bdiniyaz* (A’bdimura), *Murat* (Muratbay, Muratbek), *Bazar* (Bazarbay) ha’m t.b.

Subektiv baha formalari’ni’n’ til bilimindegi xi’zmeti jo’ninde ha’r qi’yli’ pikirler ayti’lg’an. Ma’selen, R.Qung’urov wo’zbek tilinde subektiv baha formalari’ni’n’ ha’r qi’yli’ terminler arqali’ qollani’li’p ju’rgenligin

---

[43] *Суперанская А.В.* Структура имени собственного. Фонология и морфология. М., 1969, 127-бет.

ayta kelip, wolardi’n’ so’z jasawshi’, so’z wo’zgertiwshi ha’m forma jasawshi’ qosi’mtalardan ayi’rmashi’li’q belgilerine ken’ tu’rde toqtag’an. Izertlewshi bul terminlerdin’ ha’r qi’yli’ boli’wi’na qaramastan, bildiretug’i’n ma’nileri bir dep qaraydi’. Sonli’qtan wol bulardi’n’ ha’mmesinin’ worni’na subektiv baha formalari’ termininin’ ali’ng’anli’g’i’ maqul dep yesaplaydi’ ha’m subektiv baha formalari’ni’n’ so’z jasawshi’, so’z wo’zgertiwshi ha’m forma jasawshi’ affikslerden ayi’rmashi’li’g’i’ so’ylewshinin’ obektiv barli’qqa ha’r qi’yli’ qatnaslari’n, bahasi’n, yag’ni’y yerkeletiwshi, kishireytiwshi hu’rmetlew ma’nilerin bildiriwinde yekenligin da’lilli mi’sallar menen tu’sindirgen.[44]

Subektiv baha formalari’ wo’zleri jalg’ang’an so’zge emocionalli’q-ekspressivlik tu’s beredi. Wolar so’ylewshinin’ ko’rkem ha’m ta’sirli boli’wi’ ushi’n xi’zmet yetedi.

Subektivlik ma’nige iye formalar basqa so’z jasawshi’ ha’m so’z wo’zgertiwshi affikslerden wo’zinin’ yamasa predmetke emocionalli’q-ekspressivlik tu’s beriw qa’siyeti menen pari’qlanadi’. Bul formalar yeki tu’rli usi’lda bildiriledi: 1) affiksaciya usi’li’ ha’m 2) emocional xarakterdegi so’zlerdin’ qosi’li’w usi’li’.

*-sh, -ash//-esh, i’sh//-ish* affiksleri kishireytiw, yerkeletiw ma’nisine iye boli’p, wol ko’birek adam atlari’n qi’sqarti’wda paydalani’ladi’. Bul affiks qaraqalpaq tilinde yer adamlarg’a da, yer-qi’zlarg’a baylani’sli’ da adam atlari’ni’n’ qurami’nda wo’nimli qollani’ladi’:

*Allash* – Allabay, Allambergen, Allamurat, Allanazar, Allaniyaz.

---

[44] *Қунғуров Р.* Субъектив баҳо формаларининг семантик ва стилистик ҳусусиятлари. Тошкент, 1980, 33-53-бетлер.

*Atash* – Atabay, Atabek, Amag’ulla, Atamurat, Aytnazar, Ataniyaz, Ataxan.

*A’bdish* - A’bdijamal, A’bdija’mil, A’bdimurat, A’bdisaid.

*A’bish* - A’bdibay, A’bdiqa’dir, A’bdimurat, A’bdiraxman, A’bdixali’q, A’bdirazaq.

*A’lo’sh* – Allambergen, Allamurat, Allanazar, Allayar, Alpami’s, Alpi’sbay, Ali’mbay, A’liysher.

*Babash* – Babamurat, Babanazar.

*Baxash* – Baqbergen, Baxi’tbay, Bahadi’r, Baxtiyar.

*Baltash* – Baltabay, Baltamurat, Baltaniyaz.

*Bekash* – Bekniyaz, Bekmurat, Bekmi’rza.

*Bekesh* – Bekbergen, Bekimbet.

*Bekosh* – Begdiyar, Begdulla, Bekbergen, Bekbosi’n, Bekmi’rza, Bekpolat.

*Berdish* – Berdimurat, Berdiyar, Berdibay, Berdibek.

*Genjesh* – Genjebay, Genjemurat.

*Da’wesh* - Da’wletbay, Da’wletnazar, Da’wletniyaz.

*Da’wish* - Da’wletbay, Da’wletyar, Da’wletmurat.

*Jakesh* – Jaqsi’murat, Jalg’asbay, Jantilew, Jan’abay, Jari’lqasi’n, Ja’rimbet.

*Jumash* – Jumabay, Jumabek, Jumanazar, Jumaniyaz.

*Qudesh* – Qudaybergen, Qudiyar, Quwandi’q, Qudaynazar.

*Qurbash* – Qurbanbay, Qurbanbek.

*Orash* – Orazali’, Orazbay, Orazbek, Orazi’mbet, Oraqbay, Oralbay, Ori’nbasar, Ori’nbay.

*O’tesh* - O’tebay, O’tegen, O’temurat, O’teniyaz, O’tepbergen, O’tesin.

*Sultash* – Sultanbay, Sultanbek, Sultanmurat.

*To'resh* - Ayto're, To'rebay, To'rebek, To'remurat, Turdi'bay, Tursi'nmurat.

*Turdi'sh* – Turdi'bay, Turdi'murat, Tursi'nmurat, To'rebek.

*Xojash* – Xojabay, Xojamurat, Xojaniyaz.

*-m, -i'm//-im* affiksi qaraqalpaq tilinde tarti'mni'n' birinshi betinin' ko'rsetkishi. Adam atlari'nda bul affiks adamni'n' ishki emocionalli'q sezimlerin bildirip, yer ha'm yer-qi'zlardi'n' atlari'nda yerkeletiw ma'nisin bildiredi ha'm wo'nimli qollani'latug'i'n affikslerdin' qatari'na kiredi: *Pirim, Pali'm, Turi'm, Seytim, Dosi'm, Nuri'm, Da'wim, Begim, Dilim* ha'm t.b.

*-an // -en, -n* affiksi qospa adam atlari'ni'n' yekinshi komponenti qi'sqarg'anda birinshi komponentke jalg'ani'p yerkeletiw ma'nisinde qollani'ladi':

*Ado'n* - A'dilbay, Da'wletbek, A'dilbek.

Azon – Azamat, Azatbek, A'zizbek.

*Aytan* – Aytmurat, Aynazar.

*Ayten* – Aytbay, Aytmurat.

*Ayton* – Aytbay, Aytmurat, Aybek.

*Akon* – Aqi'lbek, A'bdikamal, A'zizbek.

*Allan* – Allambergen, Allamurat, Alpi'sbay, Allanazar, Allabay.

*Bekan* – Begdulla, Bekbergen, Begmurat, Beknazar, Bekbosi'n, Bektursi'n, Bekturg'an.

*Beken* – Bekpolat, Berdaq, Bekmi'rza,

*Berdan* – Berdinazar, Berdimurat, Berdibek, Berdibay.

*Da'wen* - Da'wletbay, Da'wletyar, Da'wletmurat.

*Qaypan* – Qayi’pbergen, Qayi’pnazar.

*Quden* – Qudaybergen, Qutli’murat.

*Mi’rzan* – Mi’rzabay, Mi’rzamurat.

*Nuran* – Nuratdin, Nurli’bay, Nurli’murat, Nuri’lla.

*Sapan* – Saparbay, Saparniyaz, Sapari’mbet.

*Ta’jen* - Ta’jetdin.

*Xojan* – Xojabay, Xojambergen.

*-aq // - ek, -q // -k* affiksi qaraqalpaq yer adam atlari’n qi’sqarti’wda qollani’li’p, yerkeletiw ma’nisin bildirip keledi:

*Azik* – Azamat, Azat, A’zizbek, Azbergen.

*Aytok* – Aybek, Aytmurat, Aytbay, Ayto’re.

*Genjek* – Genjebay, Genjemurat.

Da’no’k – Daniyar, Da’wletbay, Da’wletiyar.

*Da’wek* - Da’wletbay, Da’wletiyar, Da’wletnazar, Da’wranbek.

*Da’wik* – Dawi’lbay, Da’wletbay, Da’wranbek.

*Dosik* – Aydos, Dosbergen, Dosjan, Dosmi’rza, Dosnazar, Dosi’mbet.

*Du’ysek* – Du’ysenbay.

*Qalek* – Qalbay, Qalmurat, Qalmi’rza, Qalli’bek, Qa’limbet.

*Qa’dek* - Qa’dirbay, Qa’dirbek, Qa’dirbergen.

*Qudek* – Qudaybergen, Qudaynazar, Qudiyar, Qi’di’rbay, Qi’di’rniyaz.

*Seytek* – Seytbek, Seytimbet, Seytmurat, Seytnazar, Seytniyaz.

*Xojaq* – Xojabay, Xojabek, Xojabergen.

*-et, -t* affiksi yerkeletiw ma’nisin bildirip, yer adam atlari’ni’n’ yekinshi komponenti qi’sqarg’anda, birinshi komponentke jalg’anadi’.

*Beket* – Bekbergen, Bekimbet, Bektursi’n, Beknazar.

*Jumat* – Jumamurat, Jumabay.

*Ta'jet* – Tazabay.

Adamni'n' ismin ataw ra'smiy yamasa ra'smiy yemes boli'wi' mu'mkin. Adamni'n' ismin ayti'p, wog'an hu'rmet ko'rsetiw, jaqi'nli'g'i'n bildiriw woni' yerkelew, jaqsi' ko'riw mu'mkin. A'sirese, ata-analardi'n' wo'z perzentlerin yerkeletiw, jaqsi' ko'rgeninde adam ati'n ha'r tu'rli formalarda wo'zgertip ta'kirarlaw a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Ma'selen, *Azamat* ismi *Azik, Aza, Azon, Azok* formalari'nda ayti'ladi'.

Adam atlari'ni'n' qi'sqari'wi' sebepli bolatug'i'n yekinshi faktor formasi' uzi'n yamasa ayti'li'wi' qi'yi'n ismlerdin' ayti'li'wi'n ansatlasti'ri'w, so'ylew organlari'na jen'illik tuwdi'ri'wg'a umti'li'w.

Ayti'wdi' ansatlasti'ri'w maqsetinde adam ati'ni'n' bo'limlerinen biri, buwi'ni', buwi'nlari' yamasa bir sestin' tu'sip qali'wi' mu'mkin.

**Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’  imla variantlari’**

Ha’zirgi qaraqalpaq antroponimiyasi’ sistemasi’nda dawi’sli’ seslerdin’ bir-birine wo’tiwi, wori’n almasi’wi’, sestin’ tu’sip qali’wi’ yamasa seslerdin’ qosi’li’wi’ menen baylani’sli’ to’mendegi imla variantlar ushi’rasadi’.

Dawi’sli’lar imlasi’ menen baylani’sli’ variantlar.

*a > a’* qubi’li’si’: *Axmet - A’met, Mambet -Ma’mbet,Kamal -Ka’mal* ha’m t.b.

Dawi’ssi’zlar imlasi’ menen baylani’sli’ variantlar.

*d > t* qubi’li’si’: *Nuraddin-Nuratdin,*

Adam atlari’ni’n’ qurami’nda kelgen qanday da bir dawi’sli’ yamasa dawi’ssi’z sestin’ basqa seske aylani’wi’ seslerdin’ kombinator wo’zgerisleri dep ju’ritiledi ha’m wolar boli’p ati’rg’an qubi’li’sti’n’ da’rejesine, formasi’na qaray assimilyaciya, dissimilyaciya, akkomodaciya, singarmonizm, dawi’sli’lardi’n’ yerkinlik u’nlesligi dep ayti’ladi’. Keltirilgen qubi’li’slardi’n’ ju’z beriwi a’piwayi’ leksikag’a da, menshikli atlar sistemasi’na da ushi’rasi’p, menshikli atlar jasaw ushi’n tiykar bolg’an so’z belgili bir dialekt yamasa xali’q awi’zeki so’ylew tilinde qalay ayti’lsa, bul belgi soli sm wazi’ypasi’na wo’tkende de paydalani’ladi’.

Joqari’da keltirilgen dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z seslerdin’ biri yekinshisine wo’tiwi menen baylani’sli’ qubi’li’slar ishinde qaraqalpaq tilinin’ awi’zeki so’ylew ha’m dialektlerinin’ fonetikasi’na ta’n ni’zamli’li’qlar jatadi’.

Sestin’ tu’sip qali’wi’ yamasa qosi’li’wi’ menen baylani’sli’ variantlar.

Tildegi ha’r qanday wo’zgeriw sol tildin’ ishki ni’zamli’li’qlari’ jol qoyatug’i’n processler tiykari’nda payda boladi’. Mine usi’nday jag’day qaraqalpaq adam atlari’ qurami’ndag’i’ ayi’ri’m wo’zgerislerde de qollani’ladi’. Ma’selen, adam ati’ni’n’ basi’ndag’i’ bir sestin’ ayti’li’wi’da tu’sip qali’w qubi’li’si’:

Adam atlari’ni’n’ qi’sqari’wi’ni’n’ ko’rinislerinen biri woni’n’ qurami’ndag’i’ bir sestin’ ayti’li’wda tu’sip qali’wi’. Adam atlari’ ko’p ma’rte ta’kirarlani’wi’ sebepli ismnin’ sol formadag’i’ ayti’li’w varianti’ payda boladi’ ha’m wol imlag’a kirip keledi. Adam atlari’ni’n’ qurami’nan bir ses tu’sip qalg’an formalari’, a’dette, dialektlik qubi’li’s yesaplani’p, adam ati’ni’n’ toli’q formasi’na baylani’sli’ imla jag’i’nan qa’te dep bahalanadi’.

Adam atlari’ni’n’ variantlari’n payda yetiwshi ja’ne bir belgi ayti’li’wda ayi’ri’m ismlerdin’ qurami’nda bir sestin’ qosi’p ayti’li’wi’ boli’p tabi’ladi’. Bul qubi’li’s ta antroponimnin’ jan’a varianti’n keltirip shi’g’aradi’; *y* sesinin’ qosi’li’wi’: *Nuratdiyn (Nuratdin).*

Antroponimikali’q sistemani’n’ variantli’li’g’i’, usi’ qubi’li’sti’n’ payda boli’w faktorlari’ ha’m usi’llari’nda qaraqalpaq tilinin’ fonitikali’q, orfoepiyali’q, morfologiyali’q, sintaksislik, a’sirese dialektlik, leksikali’q ni’zamli’li’qlari’, bir qatar lingvistikali’q yemes faktorlar qollani’ladi’. Sol sebepli antroponimikali’q variantlardi’n’ izertleniwi tilge ali’ng’an lingvistikali’q ani’qlamalardi’ ayi’ri’m ilimiy tu’sinikler menen bayi’ti’wi’ so’zsiz.

Antroponimikali’q variantlardi’n’ izertleniwi tek teoriyali’q yemes, al ilimiy-a’meliy a’hmiyetke de iye. Bunnan izertlew na’tiyjeleri qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ orfografiyali’q ha’m orfoepiyali’q normalari’n belgilewde,

adam atlari’ni’n’ orfografiyali’q, tu’sindirme so’zliklerin du’ziwde qaraqalpaq antroponimlerin basqa tillerge transkripciya ha’m transliteraciya islewde teoriyali’q tiykar boli’p xi’zmet qi’ladi’.

# III bap. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ grammatikali’q quri’li’si’

Menshikli atlardi’n’ morfologiyali’q quri’li’si’n lingvistikali’q jobada izertlew aktual ma’selelerdin’ birinen boli’p yesaplanadi’. Sonli’qtan da adam atlari’ni’n’ grammatikali’q quri’li’si’ bir qatar tilshi ali’mlardi’n’ ilimiy miynetlerinde ha’r qi’yli’ tillerdin’ materiallari’nda ashi’p ko’rsetilgen.[45]

E.Begmatov wo’zbek tilindegi menshikli adam atlari’n morfologiyali’q quri’li’si’ boyi’nsha jay, quramali’ ha’m qi’sqarg’an menshikli adam atlari’ dep u’shke bo’lip qaraydi’. Wol wo’zbek tilindegi menshikli atlardi’n’ morfologiyali’q, leksikali’q, sintaksislik usi’llarda jasalatug’i’nli’g’i’n da’lilli mi’sallar arqali’ si’patlag’an.[46]

T.Januzaqov wo’zinin’ kandidatli’q dissertaciyasi’nda qazaq tilindegi menshikli adam atlari’n grammatikali’q quri’li’si’na qaray jay ha’m quramali’ dep yekige bo’lgen.[47] G.Sattarov tatarsha menshikli adam atlari’n quri’li’si’na qaray feyil du’zilimi ha’m atli’q du’zilimli dep aji’ratqan ha’m tatarsha atlardi’n’ fonetika-morfologiyali’q sistemasi’n ha’m dialektlik wo’zgesheliklerine jan-jaqlama lingvistikali’q tallaw islegen.[48] Z.Sadi’kov azerbayjan adam atlari’ni’n’ quri’li’si’n jay, do’rendi ha’m quramali’ dep

---

[45] *Бегматов Э.* 1) Антропонимы узбекского языка. АКД. Ташкент, 1965; 2) Номлар ва одамлар. Тошкент, 1966; *Жанузақов Т.* 1) Личнособственные имена в казахском языке. АКД. Алма-Ата, 1960; 2) Очерк казахской ономастики. Алма-Ата, 1982; *Сатаров Г.Ф.* Антропонимия Татарской АССР, АДД. Казань, 1975; *Суперанская А.В.* Структура имени собственного, Фонология и морфология. М., 1969; *Садыков З.А.* Личные имена в азербайджанском языке. АКД Баку, 1975; *Кусимова Т.* Древнебашкирские личные имена в памятнике XI в. «Девону-лугат-ит-тюрк» Махмуда Кашгарского. АКД Алма-ата, 1980; *Митрошкина А.Г.* Бурятская антропонимия. Новосибрск, 1987 ҳ.т.б.

[46] *Бегматов Э.* Антропонимика узбекского языка. АКД. Ташкент, 1965, 20-27-бетлер.

[47] *Жанузақов Т.* Лично-собственные имена в казахском языке. АКД. Алма-Ата, 1960, 14-17-бетлер.

[48] *Сатаров Г.Ф.* Антропонимия Татарской АССР. АДД. Казан, 1975, 20-44-бетлер.

u'shke bo'lip qaraydi'. Wolardi'n' morfologiyali'q, leksikali'q ha'm semantikali'q jasali'w usi'llari'n ashi'p ko'rsetken.[49]

Tu'rkiy tillerindegi adam atlari'ni'n' quri'li'si' boyi'nsha usi'nday pikirler T.Kusimova[50], A.G.Shayxulova[51], V.U.Maxpirov[52], h.t.b. miynetlerinde de ushi'rasadi'.

Haqi'yqati'nda da, qaysi' bir tildegi adam atlari' du'zilimin ali'p qarasaq ta, quri'li'si' jag'i'nan jay, quramali' do'rendi boli'p toparlarg'a bo'linedi. A.V.Superanskaya ha'r qi'yli' Hind-Evropa tillerindegi menshikli adam atlari'ni'n' quri'li'si' da'stu'riy jaqtan quramali' ha'm apelyativlik boladi' dep tasti'yi'qlaydi'[53]. K.M.Musaev tu'rkshe antroponimler quri'li'si' jag'i'nan jay ha'm quramali' boli'p bo'linetug'i'ni'n ko'rsetedi[54].

Du'nya tillerindegi menshikli adam atlari' grammatikali'q quri'li'si' jag'i'nan usi'nday birdey klassifikaciyag'a iye bolg'ani' menen, ha'r bir tildegi qoyi'lg'an menshikli at sol tildin' ishki ni'zamli'li'qlari'na bag'i'nadi'.

Basqa tu'rkiy tiller si'yaqli', qaraqalpaq tilindegi menshikli adam atlari' grammatikali'q quri'li'si' jag'i'nan dara tu'rindegi ha'm qospa tu'rindegi boli'p ekige bo'linedi.

### Dara tu'rinegi yer adam atlari'

Qaraqalpaq yer adam atlari' bir jay so'zden jasali'p, qurami'nda qosi'mtasi' joq ha'm qurami'nda qosi'mtasi' bar yer adam atlari' boli'p yekige bo'linedi.

---

[49] *Садыков З.А.* Личные имена в азербайджанском языке. АКД. Баку, 1975. 20-28-бетлер.
[50] *Кусимова Т.* Древнебашкирские антропонимы. АКД. Уфа, 1975, 37-55-бетлер.
[51] *Шайхулов А.Г.* Татарские и башкирские личные имена тюркского происхождения. АКД. М., 1978, 18-19-бет.
[52] *Махпиров В.У.* Собственные имена в памятнике XI в. «Девону лугат – ит-тюрк» Махмуда Кашгарского. АКД. Алма-Ата, 1980, 24-28-бетлер.
[53] *Суперанская В.А.* Структура имени собственног., 63-бет.
[54] *Мусаев К.М.* Лексикологии тюркских языков. М., 1984, 219-бет.

## Qurami'nda qosi'mtalar joq yer adam atlari'

Qurami'nda qosi'mtasi' joq yer adam atlari' morfemalarg'a aji'rati'wg'a bolmaytug'i'n so'zlerden jasali'p, ha'zirgi qaraqalpaq antroponimleri qurami'ni'n' yen' az bo'legin quraydi'. Wolardi'n' ko'pshiligi yeski tu'rkiy ha'm tu'pkilikli qaraqalpaq tilinin' leksikali'q qatlamlari'nan, al ayi'ri'mlari' basqa tillerden kelip kirgen so'zlerden ibarat. Qurami'nda qosi'mtalar joq qaraqalpaq yer adam atlari' atli'q, kelbetlik, ra'wish ha'm feyil so'z shaqaplari'nan jasaladi'.

1. Atli'qlardan jasalg'an yer adam atlari'

Bunday adam atlari' abstrakt ha'm konkret atli'qlardan bola beredi:

1) abstrakt atli'qlardan jasalg'an yer adam atlari' na'restege ha'm woni'n' keleshegine ishki ha'm si'rtqi' wortali'qlarg'a bolg'an tilek, a'rmanlarg'a baylani'sli' boli'p keledi: *Baxi't, Sultan, Maqset, Murat, A'rman, Polat, Quwat, Bati'r* ha'm t.b.

2) konkret atli'qlardan jasalg'an yer adam atlari', tiykari'nan alg'anda, sali'sti'ri'w, ten'ew si'pati'ndag'i' tileklerge baylani'sli' qoyi'ladi': *Polat, Bu'rkit, Temir, Alti'n* ha'm t.b.

## 2. Kelbetliklerden jasalg'an yer adam atlari'

Bul atlar ha'r-qi'yli' tu'r-tu'si, si'n-si'mbatti' bildiretug'i'n so'zlerden jasali'p, ko'binese yer adamlarg'a qoyi'ladi': Sadi'q, Bati'r, Bahadi'r.

## 3. Ra'wishlerden jasalg'an yer adam atlari'

Ra'wishlik ma'nidegi yer adam atlari' hal-jag'daydi', belgini, sapani' bildiretug'i'n so'zlerden jasaladi': *Uzaq, Bostan, Aman, Esen* ha'm t.b.

## 4. Feyillerden jasalg'an yer adam atlari'

Qaraqalpaq tilindegi feyil tiykarli' yer adam atlari' ko'binese buyri'q meyil formasi'nan jasaladi': *Sag'i'n, Toqta, Qoni's, Jen'is* ha'm t.b. Bunday feyillik yer adam atlari' qaraqalpaq tilinde az ushi'rasadi'.

Uli’wma alg’anda, ha’zirgi qaraqalpaq tilinde antroponimiyasi’nda qurami’nda qosi’mtalar joq yer adam atlari’ni’n’ wog’ada az yekenligi ko’rinedi.

## Qurami’nda qosi’mtalar bar yer adam atlari’

Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ qurami’nda, tiykari’nan alg’anda, atli’q, kelbetlik, feyil so’z jasawshi’ qosi’mtalar ha’m seplik, betlik, tarti’m, ko’plik jalg’awli’ so’zler ushi’rasadi’.

1) Atli’q formalari’nan jasalg’an yer adam atlari’.

I. *–man//-men, -pan//-pen, -ban//-ben* qosi’mtasi’ qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’nda wo’nimli qollani’ladi’: *Bayman, Begman, Elman, Erman, Qaraman, Bekpan, Dospan, Narman* ha’m t.b.

2) Feyil formalari’nan jasalg’an yer adam atlari’.

Qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’nda ha’zirgi qaraqalpaq a’debiy tiline ta’n bolg’an feyil formalari’ni’n’ ushi’rasa bermeydi. Qaraqalpaq yer adam atlari’ feyildin’ bet-san da’reje, meyil, ma’ha’l, betlik yemes formalari’nan.

I. Feyildin’ bet-san formalari’. Qaraqalpaq adam atlari’nda ko’binese I-bettin’ ko’plik formasi’ qollani’ladi’: A’sirese I-bettin’ ko’plik san formasi’ qaraqalpaqsha menshikli adam atlari’nda jiyi qollani’ladi’. Bunday adam atlar ko’birek ekspressivlik-emocionalli’q ren’kke, tu’ske, si’patqa iye boli’p keledi: *Quwandi’q, Sag’i’ndi’q, Su’yindik* ha’m t.b.

2. Feyildin’ da’reje formalari’. Wo’zlik da’rejenin’ *–n, -in* affiksi feyil tiykarlari’na jalg’ani’p keledi: *Su’yin.* Bul ism *Su’yindik* isminin’ qi’sqarg’an tu’ri boli’p tabi’ladi’. *-l//-i’l* qosi’mtalari’ ko’binese feyil tiykarlari’na jalg’ani’p, yer adam atlari’nda tilekke baylani’sli’ ekspressivlik ma’ni bildiredi: *Du’zel, Qural, Ten’el* ha’m t.b. Bul adam atlari’na ayi’ri’m

affiksler yamasa antropokomponentler jalg'ani'wi' arqali' jan'a adam atlari' jasali'wi' mu'mkin: *Du'zelbay, Quralbay, Woralbay, Ten'elbay,* ha'm t.b.

Sheriklik da'rejenin' *-s, -is, -es* affiksi feyil tiykarlari'na jalg'ani'p, adam atlari'nda tilek ma'nisin an'latadi'. *Jalg'as, Jaras, Jetes.*

Wo'zgelik da'rejenin' *–qar//-ker, g'ar//-ger* affiksi qaraqalpaq adam atlari'nda subekttin' wo'tinish, tileklerin bildiredi. *Jetker, Won'g'ar.*

3. Feyildin' meyil formalari'. Adam atlari'ni'n' qurami'nda buyri'q meyildin' *–si'n//-sin* affiksi ko'birek ushi'rasadi'. Wol yer adam atlari'nda feyil tiykarlari'nan ha'm do'rendi feyillerden keyin jalg'ani'p, adamni'n' wo'tinish ha'm tileklerin bildiredi ha'm wo'nimli qollani'ladi': *Wo'tesin, Toqtasi'n,* ha'm t.b.

4. Feyildin' ma'ha'l formalari'. Ani'q wo'tken ma'ha'ldin' III-bet *–di'//-di* affiksi feyil tiykarlari'na ha'm do'rendi feyillerge jalg'ani'p, adam atlari'nda subekt ta'repinen tilekke, wo'tinishke baylani'sli' wori'nlang'an is-ha'reketti bildirip keledi: *Turdi', Berdi* ha'm t.b.

5. Qaraqalpaq yer adam atlari'nda yen' wo'nimli qollani'latug'i'n kelbetlik feyildin' *-g'an//-gen, -qan//-ken* affiksi boli'p tabi'ladi'. Bul affiks qaraqalpaq adam atlari'nda tilekke baylani'sli' is-ha'reketti bildiredi: *Turg'an, Tilegen, To'legen, Jari'lqag'an, Jubatqan* ha'm t.b. Bul formalar ha'zirgi wo'zbek, qi'rg'i'z, bashqurt ha'm tatar tillerinde adam atlari'nda da wo'nimli qollani'ladi'.

Ha'zirgi qaraqalpaq yer adamlari'ni'n' qurami'nda kelbetlik feyildin' yeski *-mis* formasi' da ushi'rasadi'. Bul forma qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda *–g'an // -gen* qosi'mtasi'ni'n' sinonimii si'pati'nda saqlang'an: *To'lemis // To'legen, Wo'temis // Wo'tegen, Tilemis // Tilegen.*

6. Qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda hal feyildin' *–p* qosi'mtasi' jiyi qollani'ladi': *To'lep, Tilep, Wo'tep, Jari'lqap, Yesirkep, Ayap* ha'm t.b. Bul ismlerdin' ko'pshiligi *To'lepbergen, Tilepbergen,*

*Tilepbay, Wo'tepbergen, Ayapbergen* ismlerinin' qi'sqari'wi'nan payda bolg'an.

Solay yetip, qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda so'z jasawshi' ha'm forma jasawshi' qosi'mtalar da ken' qollani'ladi'.

## Qospa so'z tu'rindegi yer adam atlari'

Qospa so'z tu'rindegi qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda atli'q, kelbetlik, sanli'q, ra'wish, feyil ha'm ayi'ri'm almasi'q, ko'mekshi ha'm modal so'zlerdin' de ushi'rasatug'i'nli'g'i'n ko'remiz. Bul so'z shaqaplari' qospa so'z tu'rindegi qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda wo'z-ara kelisiw, basqari'w, izafet ha'm jupkerlesiw arqali' baylani'sadi'. Wolardi'n' arasi'nda so'z jasawshi' ha'm so'z wo'zgertiwshi affiksler de ushi'rasadi'.

Qospa so'z tu'rindegi yer adam atlari'n morfologiyali'q quri'li'si' boyi'nsha to'mendegi modeller boyi'nsha ko'rsetiwge boladi':

1. «Atli'q  ha'm atli'q» tu'ri.

1. Tu'bir ha'm tu'bir tu'ri: *Da'ryabay, Danabay, Da'wletmurat, To'rebay, Polatbay, Xojabek, Wordabay, Baltabay, Baltamurat, Temirbek, Qalbay, Qalmurat* ha'm t.b.

2. Atli'q ha'm feyil tu'ri: *Allabergen, Qudaybergen, Bekbosi'n, Yesbosi'n, Xojamberdi*.

3. «Kelbetlik ha'm atli'q» tu'ri. Kelbetlikler wo'zinin' ma'nisi jag'i'nan predmettin' sapasi'n, tu'r-tu'sin, ha'r tu'rli belgilerin bildirip keletug'i'n bolg'anli'qtan, wolardi'n' ko'binese predmetlik ma'nini an'latatug'i'n atli'qlar menen dizbeklesip keliwi – bul ni'zamli' qubi'li's. Birinshi komponent si'pati'nda sapali'q ha'm qatnasli'q kelbetlikler de kele beredi.

Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ «kelbetlik ha’m atli’q» tu’ri yekige bo’linedi: 1) «sapali’q kelbetlik ha’m atli’q», 2) «qatnasli’q kelbetlik ha’m atli’q».

«Sapali’q kelbetlik ha’m atli’q» tu’ri: *Sari’bay, Tazabay, Jaqsi’bay, Jaqsi’murat, Jan’abay.*

«Qatnasli’q kelbetlik ha’m atli’q» tu’rindegi qaraqalpaq yer Adam atlari’nda birinshi komponent si’pati’nda kelbetlik jasawshi’ ha’r qi’yli’ affiksler ja’rdeminde jasalg’an kelbetlikler qollani’ladi’: *Nurli’bay, Qutli’murat, Tatli’murat, Qalli’bek, Men’limurat, Men’libek* ha’m t.b.

2. «Feyil ha’m atli’q» tu’ri: *Turg’anbay, Tursi’nbay, Tursi’nmurat, Wo’tebay, Berdibay, Berdimurat, Turdi’bay, Turdi’murat, Tilewmurat, Saylawbay* ha’m t.b.

3. «Ra’wish ha’m atli’q» tu’ri: *Uzaqbay, Yesenbay, Amanbay, Shi’ni’bay*.

4. «Ra’wish ha’m feyil» tu’ri: *Uzaqbergen, Rasbergen, Xosheter, Ko’pju’rsin, Bekbosi’n, Bektursi’n, Bekturdi’, Amangeldi, Yesengeldi.*

5. «Sanli’q ha’m atli’q» tu’ri: *Qi’ri’qbay, Yeliwbay, Alpi’sbay, Jetpisbay, Segizbay, Tog’i’zbay, Alti’bay, Seksenbay, Mi’n’bay.*

## Qaraqalpaq yer adam atlari'nda qollani'latug'i'n antroponimikali'q komponentler

*Bay* so'zi qaraqalpaq yer adam atlari'nda ju'da' ken' qollani'ladi'. Bul so'z Oktyabr revolyuciyasi'na deyin «mali' ko'p», «feodal» degen ma'nini bildirgen. *Bay* so'zi ja'miyetlik-siyasiy termin si'pati'nda VI a'sirden baslap payda bolg'an.

*Bay* komponenti qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda ju'da' wo'nimli qollani'li'p, «perzentlerimiz ko'beysin» bildiredi: *Berdibay, Turdi'bay, Bazarbay* ha'm t.b.

*Bek* so'zi de qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda kelip, ken' qollani'ladi'. Bul so'z VI a'sirden baslap payda bolg'an. Yen' da'slep uri'w basi' retinde qollani'lg'an. Sonday-aq, wol birde «mi'qli'», birde «aqsu'yek» ma'nilerin bildirgen. Ha'zir *bek* so'zi qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' bir komponenti si'pati'nda ken' qollani'ladi': *Tudi'bek, Mi'rzabek, Bekbergen, Bekniyaz* ha'm t.b.

*Mi'rza* so'zi XV-XVI a'sirlerde A'mir Timurdi'n' urpaqlari'n bildirgen. Keyin ala *mi'rza* so'zi adam atlari'ni'n' aldi'nda qollani'lg'anda «sawatli', woqi'mi'sli' adam» ma'nisin an'latqan. XIX a'sirde bul termin wo'z aldi'na bo'lek qollani'lg'anda «xatker» degen lawazi'mdi' bildirgen. Al adam atlari'ni'n' keyninen qollani'lg'anda, sol adamni'n' xan, patsha tuqi'mi'nan, a'wladi'nan yekenin ko'rsetip turg'an.

*Mi'rza* komponenti qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda wo'nimli qollani'ladi': *Mi'rzamurat, Mi'rzanazar, Mi'rzabay, Bekmi'rza, Aymi'rza, Jolmi'rza* ha'm t.b.

Qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' qurami'nda *to're, sultan*, elementleri de ken' qollani'ladi': *To'rebay, To'reniyaz, To'remurat, Ayto're, Bayto're, Sultanbay, Sultamurat* ha'm t.b.

*Murat* so’zi qaraqalpaq antroponimiyasi’ni’n’ wo’zine ta’n elementlerinen biri boli’p wol 1) bala u’lkeyip wo’z murat-maqsetine jetsin; 2) ata-anasi’ni’n’ murat-maqsetine jetkenin, a’rmani’ni’n’ wori’nlang’ani’n bildiredi: *Qutli’murat, Berdimurat, Atamurat, Muratbek* ha’m t.b.

*Berdi, Bergen* so’zileri de qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ bir komponenti si’pati’nda ken’ qollani’ladi’. Berdi so’zi qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ birinshi komponentinde de, yekinshi komponentinde de kele beredi: *Berdimurat, Berdibay, Berdibek, Qudayberdi, Allaberdi* ha’m t.b. *Bergen* so’zi tek yekinshi komponent si’pati’nda ken’ qollani’ladi’: *Bekbergen, Qosbergen, Yembergen, Dosbergen, Qudaybergen, Allabergen* ha’m t.b. Qaraqalpaq antroponimiyasi’nda *bergen* komponenti wo’nimli qollani’ladi’.

*xan* so’zi, tiykari’nan, haqan, qag’an so’zinen kelip shi’qqan.

Bul affiksoid adam atlari’ni’n’ qurami’nda (ko’binese hayal-qi’zlardi’n’ atlari’nda) ushi’rasadi’. Bul waqi’tta wol hesh qanday obektivlik ma’ni an’latpaydi’: *A’wezxan, Biybixan, Suli’wxan, Ayi’mxan*.

Son’g’i’ waqi’tlari’ wo’zbek tilinin’ ta’siri na’tiyjesinde hayal-qi’zlardi’n’ atlari’ni’n’ keynine yerkeletiw ma’nisindegi *–xan* affiksin qosi’p ayti’w ha’zirgi qaraqalpaq tilinde ken’nen tarali’p kiyati’r: *Tamaraxan, Saltanatxan, Ziyadaxan, Zuxraxan, Ayzadaxan*. (-*xan* affiksoidi’ adamg’a bolg’an hu’rmetti, yerkeletiw ma’nini bildiredi).

# Juwmaq

Adam atlari’, birinshi gezekte, adamni’n’ ja’miyettegi worni’n aji’rati’p ko’rsetiw ushi’n qoyi’ladi’. Bul tuwrali’ V.A.Nikonov: «Adam atlari’ ja’miyette ha’m ja’miyet ushi’n wog’ada za’ru’r. Wolardi’ ja’miyette itibarsi’z qaldi’ri’wg’a bolmaydi’. Sonli’qtan adam atlari’na degen ma’pdarli’qti’n’ ku’shli yekenligi tu’sinikli»,[55] dep ko’rsetedi. Antroponimler basqa so’zler si’yaqli’ tildin’ zan’li’li’qlari’na bag’i’nadi’, sonli’qtan wolar til sistemasi’ni’n’ tiykarg’i’ bir bo’legin quraydi’ ha’m etnografiya, tariyx, sociologiya ha’m huqi’q tani’w menen birgelikte u’yreniledi.

Haqi’yqati’nda da, adam atlari’n izertlew arqali’ xali’qti’n’ til tariyxi’n, u’rp-a’det da’stu’rlerin, socialli’q jag’daylari’n ha’m tag’i’ basqa si’rlari’n ashi’wg’a boladi’. Ha’zirgi qaraqalpaq adam atlari’ni’n’ qurami’nda arab-parsi’, tu’rkiy ha’m mong’ol tillerine wortaq elementler, rus tili arqali’ kelip kirgen elementler ushi’rasadi’. Soni’n’ menen birge qaraqalpaq adam atlari’ grammatikali’q quri’li’si’ ha’m semantikali’q wo’zgeshelikleri jag’i’nan da ha’r ta’repleme u’yreniwdi talap yetedi. Ja’miyettin’ wo’zgerip rawajlani’wi’ menen bir qatarda ilim ha’m ma’deniyat, solar menen adam atlari’ da ha’r ja’miyetke say jan’a ismler menen toli’si’p baradi’, al wolardi’n’ geyparalari’ go’nerip umi’t boli’p, qollani’wdan shi’g’i’p qaladi’. Adam atlari’ arqali’ tariyx betlerinin’ si’rlari’ ashi’ladi’, boli’p wo’tken tariyxi’y waqi’yalardag’i’ is-ha’reketlerdin’ kimler ta’repinen islengenligi ko’rinedi, adamlardi’n’ ja’miyettegi worni’ ani’qlanadi’. Sonli’qtan

---

[55] *Никонов В.А.* Методы антропонимики. //Личные имена в прошлом, настоящем, будущем. М., 1970, 33-бет.

qaraqalpaq til biliminde arnawli' tu'rde izertlenilmey kiyati'rg'an a'hmiyetli tarawlardi'n' biri qaraqalpaq antroponimikasi'n izertlew boli'p tabi'ladi'. Ha'zirgi qaraqalpaq yer adam atlari'n leksikali'q qurami' jag'i'nan ha'r qi'yli' tillik qatlamlarg'a aji'rati'p, lingvistikali'q ha'm lingvistikali'q yemes faktorlari'n analizlew, yer adam atlari'ni'n' semantikasi'n, antroponimikali'q variantlari'n, grammatikali'q quri'li'si'n ha'r ta'repleme izertlew u'lken teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyetke iye. Qaraqalpaq antroponimiyasi' sistemasi'ndag'i' yer adam atlari', wolardi'n' payda boli'w sebepleri, variantlardi'n' jasali'w usi'llari'n izertlew na'tiyjesinde to'mendegi juwmaqlarg'a keliw mu'mkinshiligin berdi:

1. Qaraqalpaq yer adam atlari' boyi'nsha ji'ynalg'an materiallar ha'm solar tiykari'nda ali'p bari'lg'an ilimiy izertlewler aldag'i' waqi'tta til tariyxi'n, xali'qti'n' wo'tkendegi u'rp-a'detleri ha'm da'stu'rlerin, ma'deniyati'n u'yreniwdin' tiykarg'i' deregi boli'p xi'zmet yetedi.

2. Qaraqalpaq yer adam atlari'ni'n' leksikali'q qurami' shi'g'i'si' boyi'nsha tu'rkiy tillerdin' qatlamlari', arab ha'm iran tillerinin', sonday-aq rus tilinin' qatlamlari' boli'p tabi'ladi'.

3. Qaraqalpaq til biliminde, woni'n' bo'limi bolg'an qaraqalpaq onomastikasi'nda antroponimlerdin' ma'nileri, wolardi'n' analizi, ism, familiya ha'm otchestvolardi'n' grammatikali'q quri'li'si', jasali'wi', balag'a at qoyi'wdi'n' tiykarg'i' sebepleri, woni'n' etnografiyali'q negizleri boyi'nsha jumi'slar a'melge asi'ri'lg'an. Degen menen, qaraqalpaq antroponimiyasi' sistemasi'ndag'i' xarakterli wo'zgesheliklerden biri bolg'an *antroponimikali'q variantlar* ma'selesi arnawli' izertlenilgen yemes.

Antroponimikali'q variantlarg'a baylani'sli' ayi'ri'm pikirler ism ha'm familiyalardi'n' orfografiyasi' boyi'nsha jumi'slarda azi'kem ushi'rasadi'.

Biraq, wolarda, tiykari’nan, atamalardi’n’ orfografiyali’q variantlari’, wolardi’ a’debiy norma ko’zqarasi’nan bahalaw haqqi’nda pikir bildirgen.

Til sistemasi’ndag’i’ variantli’li’q ma’selesi til biliminin’ tarti’sli’ ha’m toli’q sheshilmegen ma’selelerinen biri boli’p, variantlardi’n’ payda boli’w sebepleri haqqi’nda til biliminde ha’r tu’rli pikirler bar. Variantli’li’qti’ ken’ ha’m tar ma’nide tu’siniw bul ma’selenin’ sheshilmegen ta’replerinen biri. Biz bul ma’seleni bahalawda til biliminde keyingi waqi’tlarda teoriyali’q jaqtan tiykarlang’an invariant ha’m variant haqqi’ndag’i’ ko’zqaraslarg’a su’yendik.

Uli’wma til sistemasi’nda, soni’n’ ishinde, antroponimiyada variant, variantli’li’qqa jaqi’n bolg’an qubi’li’slar bar. Wolar sinonimler, leksikali’q paralleller, dubletler ha’m basqalar. Variantli’li’q qubi’li’si’ so’z yetilgen til qubi’li’slari’nan parqlani’p turadi’. Variant, variantli’li’q, invariant, yag’ni’y bir tiykarg’i’ antroponimnen atamani’n’ qollani’li’wi’, funkcional jag’daylarda ju’zege kelgen ha’r tu’rli, aji’rali’p turatug’i’n formalari’.

Qaraqalpaq antroponimiyasi’ materiallari’ boyi’nsha ali’p barg’an analizlerimiz yer adam atlari’ni’n’ variantli’li’g’i’n: 1) bir imsdi yeki tu’rli ayti’w ha’m yeki tu’rli jazi’w; 2) ismnin’ ha’m a’debiy, ha’m dialektlik varianti’ boli’wi’; 3) adam ati’ni’n’ yerkeletiw faktorlari’ sebepli ha’r tu’rli formalarg’a kiriwi; 4) ismdi ayti’w processinde so’ylew ekonomiyasi’ talabi’na ko’re qi’sqarti’p ayti’wg’a umti’li’w; ismnin’ tariyxi’y ha’m ha’zirgi formag’a iye boli’wi’. Antroponimlerdin’ orfografiyali’q variantlari’ ismler qurami’na dawi’sli’ yamasa dawi’ssi’z seslerdin’ yeki tu’rli ayti’li’wi’ ha’m jazi’li’wi’ sebepli ismler qurami’nda dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’zlardi’n’ tu’sip qali’wi’ sebepli ju’zege keledi.

Antroponimikali’q variantlardi’ payda yetiwshi basli’ usi’llardan biri – bul ismlerdin’ qi’sqari’w qubi’li’si’. Bul jag’day tildin’ (so’ylewdin’) u’nemlew ni’zami’, yag’ni’y so’ylewde jen’il, i’qsham boli’w menen baylani’sli’. Bizin’ analizlerimiz boyi’nsha, adam atlari’ni’n’ qi’sqarg’an variantlari’ qaraqalpaq antroponimiyasi’nda to’mendegi usi’llarda payda boladi’: 1) Qospa ismnin’ birinshi bo’legi tu’sirilip qaladi’: *Murat (A’bdimurat)*; 2) qospa ismnin’ ekinshi bo’legi tu’siriledi: *A’bdi (A’bdimurat)*; 3) adam atlari’ni’n’ qurami’ndag’i’ bir buwi’n yamasa ses tu’siriledi: *Dilfuz (Dilfuza), Patiy (Patiyma)* ha’m t.b.

4. Grammatikali’q quri’li’si’ boyi’nsha qaraqalpaq yer adam atlari’ dara ha’m qospa boli’p bo’linedi. Dara tu’rindegi yer adam atlari’ qosi’mtasi’z ha’m qosi’mtali’ boli’p yekige bo’linedi. Qospa tu’rlerindegi yer adam atlari’ ha’r qi’yli’ so’z shaqaplari’ni’n’ birigiwi na’tiyjesinde jasalg’an: atli’q ha’m atli’q, atli’q ha’m feyil, kelbetlik ha’m atli’q, feyil ha’m atli’q, sanli’q ha’m atli’q, ra’wish ha’m atli’q.

5. Tariyxi’y-etnografiyali’q jaqtan qaraqalpaq yer adam atlari’na ata-anani’n’ ta’biyattan ti’sqari’ qu’diretli ku’shlerge si’yi’ni’wi’, sog’an baylani’sli’ ism qoyi’w jag’daylari’ ko’plep ushi’rasadi’. Sonday-aq, ta’biyattag’i’ ha’r qi’yli’ qubi’li’slarg’a, balani’n’ tuwi’li’w jag’dayi’na baylani’sli’ qoyi’lg’an ismler ko’p. Sog’an baylani’sli’ qaraqalpaq yer adam atlari’ semantikali’q jaqtan ta’riplew ismleri, tilek ismleri, bag’i’shlaw ismleri boli’p bo’linedi.

6. Qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ izertleniwi tek teoriyali’q g’ana yemes, al a’meliy a’hmiyetke de iye. Bunnan izertlew na’tiyjeleri qaraqalpaq yer adam atlari’ni’n’ orfografiyali’q ha’m orfoepiyali’q normalari’n belgilewde, yer adam atlari’ni’n’ orfografiyali’q ha’m tu’sindirme

so’zliklerin du’ziwde qaraqalpaq yer adam atlari’n basqa tillerge transkripciya ha’m transliteraciyalawda teoriyali’q tiykar boli’p xi’zmet qi’ladi’.

# Paydalani’lg’an a’debiyatlar


**I. Siyasiy a’debiyatlar**

1. *Каримов И.А.* Юксак маънавият – енгилмас кўч. Тошкент, 2008.

**II. Tiykarg’i' a’debiyatlar**

2. *Бегматов* Э. Киши номлари имлоси. Тошкент, 1970.

3. *Бегматов* Э. Ўзбек исмлари маънаси. Тошкент, 1998.

4. *Доспанов О., Қәлендеров М.* Қарақалпақ исмлери. Нөкис, «Билим», 1994.

5. *Сайымбетов О.* Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. Нөкис, 2000.

**III. Qosi’msha a’debiyatlar**

6. *Бегматов* Э. Глагольные антропонимы. // Тюркская ономастика. Алма-Ата, «Наука», 1984, 199-207-бетлер.

7. *Гафуров А.* Имя и история. М., 1987.

8. *Доспанов О., Доспанова Д.* Исмиңиздиң сыры неде? Нөкис, 2009.

9. *Жанузақов Т.* Қазақ есімдерінің тарихы. Алматы, 1971.

10. *Жанузақов Т.* Очерк казахской ономастики. Алма-Ата, 1982.

11. *Жанузақов Т.* Есимиңиз ким? Алма-Ата, 1989.

12. *Қощанов Қ.* Рус ҳәм қарақалпақ тиллериниң өз-ара байланысы мәселелери. Нөкис, 1991.

13. *Насыров Д.С., Толстова А.С.* Каракалпаки. // Системы личных имен у народов мира. М., 1986, 152-156-бетлер.

14. *Сайымбетов О.* Қарақалпақша адам атларының жазылыў тәжирийбелери. //«Қарақалпақстан муғаллими», 1993, №1.

15. *Сайымбетов О.* Қарақалпақша адам атларының қойылыў өзгешеликлери. //Қарақалпақ тил билиминиң гейпара мәселелери. Нөкис, 1994.

16. *Сейтназарова И.* Қарақалпақ тилинде сөз вариантлары. Нөкис, 2004.

17. *Худойбергенов Р.* Исмларнинг эркалаш-кичайтириш вариантлари. // Илм сарчашмалари. 2007, №1.

18. *Худойбергенов Р.* Ономастик пареллеллар ҳақида. // Ўзбек тили ва адабиёти. 2007, №5.

19. *Шәмшетов Ж.* Исмиңиздиң мәнисин билесиз бе? Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997.

20. *Шәмшетов Ж.* Қарақалпақ тилиндеги араб антропонимлеринен. // «Вестник Каракалпакского филиала АН Узбекистана», 1974, №1.

**IV. Avtoreferatlar**

21. *Алиев Г.* Лингвистические и экстралингвистические факторы в антропонимии. АДД. Алма-Ата, 1989.

22. *Раҳимов С.* Хоразм минтақавий антропонимиясы. АКД. Тошкент, 1998.

23. *Худойназаров И.* Антропонимларнинг тил луғат тизимидаги ўрни ва уларнинг семантик – услубий хусусиятлари. АКД. Тошкет, 1998.

24. *Худойбергенов Р.* Ўзбек антропонимияси тизимининг вариантдорлиги. АКД. Тошкент, 2008.

**V. Internet saytlari'**

25. www.onomastika.ru/
26. www.listname.ru
27. dic.academic.ru
28. lib.csu.ru
29. library.ziyonet.uz
30. kh-davron.uz
31. www.docstoc.com
32. lectures.ndpi.uz
33. https://uz.wikipedia.org